ТхакIуэ щэджащэ МэшбащIэ Исхьэкъ нобэ илъэс 90 ирокъу

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№62 (24.032) ● 2020 гъэм накъыгъэм (майм) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым коронавирусым зыщыубгъуным пэщIэтынымкIэ Оперативнэ штабым и зи чэзу зэIущIэ

Видеоконференц мардэм тету КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирусым зыщыщыхъумэнымрэ а уз зэрыцIалэм зэрызиубгъуным пэщIэтынымкIэ Оперативнэ штабым и зи чэзу зэIущIэ.

COVID-19-м зыщиубгъу лъэхъэнэм КъБР-м щыщIэ санитар-эпидемиологие щытыкIэм, медицинэ IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ, кадр зыкъэзэпэщынымгъэм, медицинэ гъэкаIуэхэм тезыгъэгушхуэ ахъшэр зэрырат, карантин IуэхугъуэкIэ зэрагъэзащIэ щыкIэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Iэтащхьэр гъэIуащ къыхалъхьа IуэхугъуэхэмкIэ жэуап зыхь къулыкъущIэхэм жаIам.

Роспотребнадзорым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI **Пагуэ Жыраслъэн** къыхигъэщащ санитар-эпидемиологие щытыкIэр иджыпсту зэрызэпIэзэрытыр, зэхуэщIа IуэхущIапIэхэмрэ гупхэмрэ бжыгъэхэм зэуэ зэщиIэт щымыIэу. АрщхьэкIэ, накъыгъэм и 20-м щыщIэдзауэ узым зэщIищтахэм махуэ къэс къахохьуэ. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщущ къэпщытэныгъэхэм зэрызэубгъум - коронавирусым и тест 1200-м нэблагъэ махуэ къэс ирагъэкIуэкI. КъищынэмыщIауэ, узыфэм зыщыхъумэным хуэунэтIауэ зытета мардэхэр IухынымиятIэ 4899-рэ ирагъэкIуэкIащ икIи 2449-м я дигнозэр зэрыпэжыр къахутащ. Компьютер томографиер жэщи-махуи иокIуэкI.

ЗэрыщIалэу щымыт узыфэхэр япкърыту медицинэ IуэхущIапIэхэм я пэщIэдзэ кIудамэхэм диспансер учётым щыщытщ пациент мини 170-м щигъу, щылэжьафыну ныбжьыкIэ фIэкIа цIыху мин 57-м щигъу яхэту. Абыхэм я узыншагъэм зэрызихъужьым кIэлъыплъ зэпытщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

● Хъуэхъуэр

Адыгэ Хэку, Мейкъуапэ къалэ, Адыгэ Хэкум и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэ, МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм деж

ПщIэ зыхуэсщI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ!

Гурэ псэкIэ нобэрей уи махуэ IапIэмкIэ сынохъуэхъу!

Догушхуэ фэркIэ, нэхъыжьыфIхэмкIэ, зи лIыгъэрэ гуащIэкIэ сыт щыгъуи щапхъэ хьуэхэмкIэ! Фэ нэгъэсауэ фыIлыхьужьщ, фыхуэкIуэщ, фыкъызэгъэпэщакIуэщ. Гугъуехьым зыпIывдзакъым икIи фыпикIуэтакъым, сыт щыгъуи фIэщхьэныгъэ фхэлът, фи къаруми къихьынури фщIэуэ, фи ныбжьыгъухэм яхузэфIэкIынуми фи дзыхь тельт. Пэжу Хэкум фыбгъэдэтащ!

Узыншагъэ быдэрэ фIым и фIыжкIэ сыпхуэохъуахъуэ!

Урысей Федерацэм и Президент ПУТИН Владимир.
Москва, 2020 гъэ, накъыгъэм и 27

ПщIэ зыхуащI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ!

Си гуапэу сынохъуэхъу уи гъащIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и лъэхъэнэмкIэ - укъызэралъхурэ илъэс бгъыщI зэрырикъумкIэ. Уэ уи гъащIэр и щапхъэщ къызыхэкIа лъэпкъым, би Хэкум зэрыхуэпэжымрэ усыгъэм псэемыблэжу зэрыхуэлажьэмрэ. Уи творческэ IуэхущIафэхэр сыт щыгъуи хуэунэтIауэ щытщ зы мурадым - цIыхур фIыуэ лъагъуным, гуапагъэмрэ зэхуагъэмрэ ехьэлIа гупысэхэр пхыгъэкIыным. Философие купщIэ куурэ тхыдэм и пэжыр къэпльыхьэнымкIэ гъэнщIа уи тхыгъэхэр хьыкIащ лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым и литературэм и фIыпIэм, уи цIэр хуэфащэу нобэ яхэтщ Урысейм и усакIуэ, тхакIуэ тельыджэхэм.

Уи юбилей лъапIэм уэ урохьелIэ уи къару илыгъуэу, адыгэ литературэм и классикыу дунейм укъыщалъытауэ, укъызыхэкIа лъэпкъым урикъуэ пэжу, ди Хэкум урипатриот нэсу.

Лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыбыдэ уи Iуэхущ IафэхэрэхуэфэщэнкIэ къэралыгъэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ щIыхьыщIэхэмкIэ къальытащ. Абы щыгъуэми, дауи, уи дежкIэ дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - узыщыщ адыгэ лъэпкъым, ди къэралым къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми уи зэфIэкIым щыдихьэх куэдым я лъагъуныгъэщ.

Мы махуэм си гум къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъуну сыкъыщI, пщIэ зыхуащI Исхьэкъ Шумахуэ и къуэ, узыншагъэ быдэ, мыухьж творческэ къару, екъулIэныгъэ, зэIузэпэщынагъэ уиIэну.

ПщIэ къыпхуэзыщI,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Казбек.

Тхьэм и нэфIыр къыпщыхуэ!

Уи ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъумкIэ гурэ псэкIэ сынохъуэхъу! Нобэрей махуэщIыр Адыгэ Хэкум и жылагъуэ гъащIэм и мызакъуэу, зэры-Урысейуи я махуэщ. Зэрыадыгэ дунейуэ укъыззращIэ и лъэпкъ, и Iуэху хуэпэж, гурэ псэкIэ хуэщыпкъэ цIыху нэсущ.

Илъэс пщIы бжыгъэ хьуэдэ бгъабзэ къаIэмыш, адыгэ литературэм хуэпщI хэлъхьэныгъэм, жылэ Iуэхум епхьэлIа гуащIэм уемыкъуэпсэкIэ, пщIэ хуумышIынкIэ Iэмал иIэкъым. Уи Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм цIыхур щIоупщIэ, къелъыхьэу, йоджэ. Ахэр Урысейм и лъэпкъыбэ литературэм и зы Iыхьэфlу хэуващ.

ПщIэ зыхуэсщI Исхьэкъ! Уи IуэхущIафэр зэрыщIыту лъэпкъым и тхыдэщ, и дунейщ, а дунейм иджыри куэдрэ узынIэсу уэхэтыну, цIыху насып ущымыщIэу уэхэпсэукIыну, екъулIэныгъэфI куэдкIэ лъэпкъыр бгъэгуфIэну сынохъуэхъу!

Тхьэм и нэфIыр къыпщыхуэ, Исхьэкъ!

ТЕМЫРКЪАН Юрий,
Шостакович Дмитрий и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт академическэ филармониемрэ и художественэ унафэщI.

МэшбащIэ Исхьэкъ и суратыр Гъыдэ Валерэ *(Тэрчкъалэ)* **ищIащ.**

СыкъызыхэкIа лъэпкъым и къэкIуэнум сегъэгумэщI

***Адыгэм и гугъу щащIкIэ, ятэу зи цIэ къраIуэхэм МэшбащIэ Исхьэкъ ящыщщ жыгIэмэ, егъэлея хъуну къыщIэкIынкъым. Абы цIэ лъапIэу къыфIащамрэ фIыщIэтыну къыхуагъэфэщамрэ къыпхуэмылъытэну куэд мэхъу. Адыгэ литературэхутэ цIэрыIуэу ШащIэ Къазбэч и псальэкIэ жыпIэмэ, «текIуэныгъэ къихьами я бжыгъэр имыщIэжу мэпсэу». Тхэн щыщIидза илъэсхэм хуэдэуи, ноби тхакIуэр хуосакъ псальэм и къэгъэщIынм, «иросымаджэ» абыхэм я зэпытэуэвэным. И гуащIэр щIихьу йолIалIэ псальэм хэлъын хуей пэжым и къэгъэIуэкIэ хъунум. Илъэпкъым и жыпIэми, къегъэIу, йодэIуэж, псальэу зригъэкъуари зэпешэчыж. Уеблэмэ, щылажьэ Iэнэм хъущIабгъэдэкIыжкIэ, и макъыр икIауэщ, и къарур нэхъ мащIэ хъуауэщ къызэрыуIукIыжыр. Итхым макъкIэ къызэрреджэжрагъэнущ, дэтхэнэ зы псальэри къызэрыIур зэрызэхихьжрагъэнущ, тхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIам фIэщхьэныгъэ хуумышIынкIэ Iэмал имыIэу, щытыкIэ гъэщIэгъуэн урегъэувэ.**

МЭШБАЩIЭМ и тхыгъэхэм къэхутэныгъэхэр иращIылIэ, щIэныгъэ зэхуэсхэр тращIыкI, ироспалъэ, ирозэныкъуэкъу, ауэ, нэхъыщхьэращи, а тхыгъэхэм хэт зыхуимыгъаззми, щIэныгъэ ирикъун акъыл къыхех. Лъэпкъ куэдым я бзэкIэ зэрадзэкIа и усыгъэр адыгэм и лIыкIуэ хуэдэщ, и дуней елтыкIэр хэIущIыIу ещI, и зэхэщIыкIыр зыхуэдэм дунейр щIегъэгъуазэ, и гурыгъу-гурыщIэхэр щIыхуэ щIыкIм ятьегъэIэс. И зэфIэкIыр зэманым ипсыхьа пэтми, кIуэтэху тхакIуэр нэхъ зэпхъашкI мэхъу, зыхуигъэувыж пщэрылъхэм щеткIыбжькI къыхокI, усэбзэм зыззэрыхуигъэзэр нэхъ мащIэ хууами, абы зэрыщыхабзэм хуэдэу, псальэмрэ гупсысэмрэ зэрешалIэ, зэIуещэ, зэпешэч.

Мэшбащ1э Исхьэкъ литературэм щызыIумэхъа Михалков Сергей ар бгъэдегъэувэ КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид сымэ. АрщхьэкIэ езы Исхьэкъ щымыгъупщэу зы пэж иргъуазэ: «УущэсмыкIуэ щыIупэм пагэу, пльэкIынкъым ар уэ пхыбгуукIын, сыт хуэдизу зумыгъэпльагъэми, бгы щыгъуми унэсыфынкъым». Езымрэ Куэшбей Пщымахуэрэ адыгэбзэм къралъхьа КъурIэн ЛъапIэм щыщ мы Iэятыр тхакIуэшхуэм зэпымычу и щхьэ хуихьу жиIэми, пльэмыкIыу и усыгъэм щыщ зы едзыгъуэ уигу къокI: «Мес щIэлпIыпIэр, арщхьэкIэ си Iэр лъэмыIэс, лIагапIэри къонэж лъагапIэу».

Мы махуэхэм си ныбжьыр илъэс 90 ирикъу МэшбащIэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм я щIыхьэ тхакIуэщ. СССР-м, Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм я Къэралыгъэ Тэрбэнэ Щ1ошокъуэ Михаил и щIэкIэ щыIэ, ДАХ-м я дунейпсо саугъэтхэм, Островскэ Николай и щIэкIэ щыIэ саугъэтыкIэ и лауреатщ, Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхьужьщ. Горький Максим и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт Литературэ институтыр 1957 гъэм фIы дыдэу къиухри, щалъхуа Хэкум игъэзжажэу нобэр къыздэсым гуащIафIэу лъэпкъ литературэм хуолажьэ. Тхыгъэ 100-м щIигъу зи Iэдакъэ къыщIэкIа тхакIуэшхуэм лъэпкъ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэну инщ, абы и тхыгъэхэм ящыщ куэдыр хамэбгэжкIэ зэрадзэкIауэ щыIэщ. Мэшбащ1эм и псальэхэм къищIыкIауэ уэрэд цIэрыIуэ куэд нобэ ягъэзащIэ.

Тхьэмадэм тражымыIыхьа гуэркIэ и гугъу пщIыу утыку хуэхьэныр къызэрымыкIуэу хьэлъэщ. ХужьпIэн умыгъэзытыну аракъым, и Iэдакъэщ1экIэхэр зэрыщIату аухуэдэ защIэщ - псальэ теIущIыкIыпIэщ. Зи гугъу тщIыр тхакIуэр бгъафIэ зэрыхъун псальэщ. Дегупсысыпэри, «Адыгэ псальэм» и щIэдзыкIакIуэхэм езы тхакIуэхуэр къахэдгъэпсэлъыхьмэ нэхъыфIу тедубыдащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Нобэрэ пщэдейрэ

Накъыгъэм и 28, *махуэку*

♦Гъунапкъэхъумэм и махуэщ. 1918 гъэм Ленин Владимир Iи щIидзащ гъунапкъэхъумэ гупхэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм. Ятэу къызэрагъэпэщащ. Щыгъуэ къызэрагъэпэщащ. Iуэрыдж Iэдакъэ гъунапкъэхъумэ округырщ. Гъунапкъэхъумэм и махуэр ди гъусэу ягъэлъапIэ Белоруссиеми, Къыргызстани, Украинэми.

♦Азербайджан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Армение Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - къэралыгъуэ щигъуэта махуэр егъэлъапIэ

♦1923 гъэм Адыгейм и профсоюзхэм я зэгухьэныгъэр къыззрагъэпэщащ.

♦1927 гъэм Совет Союзым и тыкуэнхэм къыщIалъхьащ маркэхэр зытет ятэ конвертхэр.

♦1928 гъэм Мейкъуапэ къыщыщIэдзащ Адыгейм и тхылъ тедзапIэр.

♦1938 гъэм СССР-м Мурманскэ областыр къыщыззрагъэпэщащ.

♦1997 гъэм УФ-мрэ Украинэмрэ Киев Iэ щытрэдзащ Тенджкъ Фынэ щыIэ флотыр зэрагъэувыну щыкIэм теухуа унафэм.

♦Киноактёр, КъБР-м и цIыхубз артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молей Барэсбий** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубз тхакIуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым и цIэр зезыхьэ, ДАХ-м я саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ Республикэм и Гимныр зытха, Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхьужь **МэшбащIэ Исхьэкъ** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦КъБР-м щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, меценат **Джэрыджэ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Панин Андрей** къызэралъхурэ илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Совет фигуристкэ цIэрыIуэ, Европэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым бжьыпэр мызэ-мыгъэ щызэIуфыда, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ я чемпионкэ хъуа **Гордеевэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Миронов Марие** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Урысей гимнаст цIэрыIуэ, Олимп Джэгухэм пIэнейрэ я чемпион **Немов Алексей** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриштымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 29, *мэрем*

♦ООН-м и мамырщIэкъуэкъарухэм я дунейпсо махуэщ

♦Дзэ автомобилистым и махуэщ. УФ-м ЗыхъумэжныгъэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ 2000 гъэ лъандэрэ зэрыуаващ. Белоруссиемрэ а махуэ дыдэр зэрыщIалъэ.

♦Гъущ1 зэпызыгъавэм и махуэщ

♦Урысейм и таможнэ къулыкъум и ветеранхэм я махуэщ

♦КъыргызстанымIэщIэкIэ ЗэщIэуэда и Къарухэм я махуэщ

♦Осетие Ипщэ Республикэм къэрал щхьэхуэу зыкъыщIилъытэжа махуэщ *(2008 гъэм)*

♦1453 гъэм Византие империем и кьалащхьэ Константинополь тыркуэм яубыдащ. Ар иджырей Истамбул къалэрщ.

♦1860 гъэм хьэрычэтыщIэ, коллекционер Третьяков Павел езым зэхуихьэса сурэтхэмрэ 50м мини 150-рэ Москва къалэм къызэрыхуигъанэм теухуа щIэин тхылъ иригъэтхащ. Третьяковым и цIэр зезыхьэ сурэт галереер щIэрыIуэм и къежьапIэр ащащ.

♦1900 гъэм «Эскалатор» сату маркэр къащтащ. Ар «Отис» американ компаниемкIэ ейщ.

♦1903 гъэм Петербург къыщыщIэдзащ Нева мызэ-мыгъэ щызэIуфыда, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ я чемпионкэ хъуа **Гордеевэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

♦1953 гъэм ЩIым и къурш нэхъ лъагэ дыдэм - Джомолунгмэ (Сагарматхэ, Эверест) - и щыгум япэу ихьащ Новэ Зеландиемрэ щыщ Хиллари Эдмундрэ абы и дзэпкъыхъэгъу Тенцинг Норгейрэ. Метр 8848-рэ зи лъагагъ а бгым дэкIахэм абы и щыгум щыхатIат Инджылызым, Непалым, Индием, ООН-м я бэракъэр.

♦1990 гъэм Ельцин Борис РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу хахащ.

♦США-м и 35-нэ президент **Кеннеди Джон** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Совет актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубз артист **Дмитриев Игорь** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Литературовед, критик цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и вице-президент, Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Бэчыжь Лейлэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УФ-м и цIыхубз артист **Абдулов Александр** къызэралъхурэ илъэс 67-рэ ирокъу.

♦ЩIэрджэс усакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, хэхэс адыгэхэм я литературэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей футболист, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Аршавин Андрей** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриштымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бзаджэм лъакъуэ куэд щIэтщ.

Уримыинынкlэ Iэмал иIэкъым

Нобэ и ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъур егъэлъапIэ Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубз тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьужь МэшбащIэ Исхьэкъ.

Урысейм и лъэпкъыбэ литературэм зи гуащIэрэ зи зэфIэкIкIэ хэува тхакIуэхэм я цIэм бгъурытущ МэшбащIэ Исхьэкъ и цIэр къызэрыIуэрэ, абы фIэкIа хэмытами, лъэпкъым и щхьэр лъагэу щIиIэтын щхьэусыгъуэ ар ирокъу. Литературэ лъагъуэм теувэу абы и зэфIэувэным, и зыужьным и къару хилъхьащ МэшбащIэм. Лъэпкъ щэнхабзэм фIэкIыпIэ имыIэу зэфIихьын хуейуэ къызэпщылъ Iэхэгъуэ зэрыщытри, абы и хьэлъэр щIэблэм зыкъомкIэ псынщIэ ящищащ.

Уримыинынкlэ Iэмал иIэкъым тхакIуэ телъыджэм, зэдзэкIакIуэм, публицистым, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэм зэфIигъэкIа Iуэхугъуэбзм. Зэрыщыту ди лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ къыздэгъуэгурыкIуэ адыгагъэм, Хабзэм и гъэлъэпIэным, абы и фIыгъуэм къыщIэхъуэ щIэблэр щIэпIыкIа зэрыхъуным хуэунэтIащ. И тхыгъэхэм гурыщIэ нэхъыщхьэу хэлъыр щалъхуа лъахэмрэ зыщыщ лъэпкъымрэ яхуиIэ фIыпIэгъуныгъэщ. Адыгэр лъагэу зыIэт МэшбащIэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэми хуосакъ. «Бзиикъуэ зауэ», «Щхьэл мывэ», «ЦIыхур тIэу къалъхуркъым», «Адыгэхэр» зыфIищa романхэри, и Iэдакъэ къыщIэкIа нэгъуэщI тхыгъэ куэдхэри цIыхур лъытэным, и пщIэр ину Iэтыным теухуащ, лIыхьужьыгъэкIэ гъэнщIа лъэпкъ тхыдэм и пэжыр зэрыщытым хуэдэу къэIуэтэжьным хуэщIащ. Адыгэ литературэм дыщэ фонд иIэмэ, шэч хэлъкъым, МэшбащIэ Исхьэкъ и Iэдакъэщ1экIэхэр абы зэрыхьыхьэр.

Исхьэкъ адыгэбзэм къригъэзгъащ урыс литературэм и классикэм я тхыгъэ куэд. Абы и анэдэлъхубзкIэ къыгъэпсэлъащ Пушкин, Лермонтов, Некрасов, Есенин, Блок, нэгъуэщIхэри. ЗэдзэкIа зэрыхъуа бзэр апхуэдизкIэ шэрыуэц икIи шэщащи, еджэм зэIэпахыу, яфIэгъэщIэгъуэну апхуэдэщ.

Илъэс куэд щIауэ МэшбащIэр жылагъуэ лэжьыгъэми и акъылрэ и гупсыгъэкIэ ущиякIуэ хъууэ лъапхъэ Iуэхум емыязэшыжу хэтщ. Исхьэкъ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхэублакIуэхэм яхэтащ, ноби абы и Нэхъыжь гупым я пашэу иждыжьру хэтщ. ПхэмыкIуэтэн хуэдизу инщ Исхьэкъ адыгэ зэщIэхъеенигъэм Iуэхутхьэбзэ хуищIар. Апхуэдизу дыдэу инщ адыгэ литературэм хуищI хэлъхьэныгъэр, лъэпкъ зэхущытыкIэр ефIэкIуэн папщIэ дищIэ лэжьыгъэр.

СэркIэ МэшбащIэ Исхьэкъ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ тхакIуэ къудейкъым. Ар икIи си чэнджэщагъэщ, си ущиякIуэщ. Хуримыкъу зэманым зыкъыдигъахуэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм хэпсэлъэну зэрызыхуащIигъэхьэм сэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. И щхьэкIэ кърихьэлIэу ДАХ-м и зэхуэсхэм къыщыкIуэри хъугъэ-щIагъэшхуэ ирокъу, апхуэдизкIэ а зэIущIэхэр нэхъ гъэщIэгъэн, нэхъ купщIафIэ, нэхъ щIэщыгъуэ ещIри.

Зигури зи псэри пщэдейрей махуэхэм хуэуэрэ Исхьэкъ и псальи, и Iущ1агъуэм, и ущии кIуэдыж имыIэу си гум илъынущ. Сыщогугъ ди ныбжьэгъугъэм, ди зэпыщIэныгъэм зэпыу имыIэу иджыри куэдрэ екIуэкIыну.

Мыбдеж къыщеозгъыу къыщIэлъытэ, МэшбащIэм теухуауэ усакIуэ Домбровский Виктор и сатырхэр къыщыщхьэмэ:

Исхьэкъ здэщыIэм дунейр щыхуабэщ,
Исхьэкъ здэщыIэм нэхур щыбгъэщ,
Адыгэ Хэкуми армырауэ пIэрэ
Дыгъэр къыщемыпс махуэ
щIыщымыIэр...

Сыхуейт, «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэпу, пщIэшхуэ зыхуэсщI МэшбащIэ Исхьэкъ нобэрей и махуэмкIэ сехьэхъуну.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм лъытэныгъэшхуэ къыпхуиIэщ, Исхьэкъ, узэрыщыIыгъуэ, узэрыкъуэтыкIуэ, узэрипыбжьэгъуэм папщIэ. Уэрэ1э догушхуэ, доин, дольагъэ. Уи гъащIэ гъуэгур зэрыщыту щапхъэщ, уи Iуэхугъэкlэр щысэтехьлIэщ, лъэпкъымрэ хэкумрэ уэзэрыхущIэ щыкIэр гъэсэнэтхъидащ.

Гурэ псэкIэ сынохъуэхъу уи ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъумкIэ. Зэшыгагъэ уиIэу, гукъыдэж ущымыщIэу, ущIэгуфIэнрэ ущIэгушхуэнрэ уи гъащIэм куэду хэпъу, уи гъащIэр зэпта тхэн Iуэхуми иджыри бэр щыбгъэшыну, нэхъыщхьэращи, уи тхылъ щIэджыкIакIуэхэр къыпкъуэту упсэуну сынохъуэхъу.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, хьэрычэтыщIэ Iэзэ, цIыху щыпкъэ, адыгэхэм илъэс куэд щIауэ хьэлэлу хуэлажьэ Джэрыджэ Хьэсэн Хьэнахъуэ и къуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 70 ирокъу.

ШэрэДЖ щIыналъэм хьыхэ Жэмтхъэлэ кIуажэм курыт еджапIэр къыщыщIэныжа щIалэм хуэзэрIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и диплому тIу зыIэригъэхьэн, яIыхьэзымкIэ инженер-механикыу, адреймкIэ агроном Iэщ1агъэр иIэу.

Джэрыджэр Iэнатlэ зэмылIэужьыныгъуэхэм пэрытащ. Абыхэм ящыщщ къэралым зэхъуэжкIыныгъэ инхэр щекIуэкIа зэманым республикэм и экономикэм дежкIэ мыхьэнэ иI дыдэ зиIэу къэзгъуэгурыкIуа Налшык ерыскъы комбинатым и инженер нэхъыщхьэу ар зэрыщытар, мэкъумэш техникэм пыщIа Iэнатlэхэм ящыщ зым къулыкъушхуэ зэрыщыIэрихьар, нэгъуэщIхэри. Зи гугъу тщIа лъэхъэнэм къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм Хьэсэн хьэрычэт Iуэхум зритыжащ, а лъэныкъуэмкIи ехьулIэныгъэфIэхэр къыщигъэлъэгъуащ.

И махуэ лъапIэм ирихьэлIэу Хьэсэн дохъуэху дяпэкIи и гъащIэр дахэу, зэIэбым щехъу-лIэрэ псэщIэ хилъхьэу, и Iуэху зритыжащ, а лъэныкъуэмкIи ехьулIэныгъэфIэхэр къыщигъэлъэгъуащ.

И махуэ лъапIэм ирихьэлIэу Хьэсэн дохъуэху дяпэкIи и гъащIэр дахэу, зэIэбым щехъулIэрэ псэщIэ хилъхьэу, и Iуэху зритыжащ, а лъэныкъуэмкIи ехьулIэныгъэфIэхэр къыщигъэлъэгъуащ.

И лъапIэ щIалэгъуэм и ныбжьэгъу пажэжэм къыдалэту, и гуащIэдэкIым и хъер илъагъужрэ къыпхуэкIуэм езыр щыгуфIыкIыжу, зытет щыгум иджыри илъэс куэдкIэ лъэ быдэкIэ ирикIуэну.

КъАЛМЫКЪ Жылэбий, ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

Джэрыджэ Хьэсэн и гъащIэм, къикIуа гъэзэгуанэм теухуа тхыгъэ ди къыдэкIыгъэхэм ящыщ зым тетынущ.

Хэкупсэ нэс

(КІэухыр. ПэщІащэ 1-нэ нап).

Сыкъызыхэкіа лъэпкъым и къэкІуэнум сегъэгумэщІ

КІэрашэ Темботрэ Мэшбащэ Исхьэкъэ.
Мейкъуалэ, 1981 гъэ

Лъагъуэхэшэрэ сэ къыслъысамрэ

ЗЭГУЭРЫМ цІыкІуэм литературэ зэхуэс къыхуэзгъэпэщри, тІэкІу срагъэуэрэшэрыпІэну, тІэкІри срагъэпсэлъыпІэну срагъэблэгъат. Нэіуасэ сыщыхуащІы, «ЗэвгъэщІыху, мыр адыгэ классикщ» жаІэри, я пащхьэ срашат. Арщхьэкіэ, пэжыр жыІэн хуейщ, сэ сыкласси кІ ым. Апхуэдэуи зыкъыщІихъуэжыркъым. Литературэр гъуэздж ІэуэжьыгъуэщІ, зыдищІэж нэхъеІ, хэзэгъэнымрэ хэмызэгъэнымрэ зэхегъэкІыжыр. Зыхуейри пІалъэ тІэкІущ, асыхьэтым яІэт тхыгъэр цІыхупсэм лъэІэсынрэ лъэмызыІэнрэ къищІэн щхьэкІэ. Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэр - Щоджэнщ ыкІу Алий, КІэрашэ Тембот, Хьэтхъуэ Ахьмэд сымэ куэдкІэ нэхъ гугъу екъащ лъэпкъ литературэ щымыІэм и гъунэр илъэн, ар къаІэтын, зэфІагъэувэн щхьэкІэ. Абыхэм ятхам нэхърэ нэхъыбэ си Іэдакъэ къыщІэкІами, литературэм лъагъуэхэш хуэхъуар ахэращ. Сэ къыслъысар мащІэ тІэкІущ - а лъагъуэм срикІуэу зеэгъэзубгъуэрыщ. Си щы иту литературэм кІыхьыхьэ дэтхэнэми ищІэнури аращ.

Дэтхэнэ тхакІуэми хуэдэу, сагъэпІейтейуэ, псэхугъэ къызамыту Іэхуэгъуэ зыбжанэ щыІащ: сыт дуней сыкъыщІытехьар, сыт сызыхуэпсэур, дэнэ сызэкІуэр? Си гуащІэдэкІым сиІэтын лъэкІами, сыт абыкІэ си лъэпкъым хуэсщІэфар?

Илъэс щэщІым нэблэгъащ уэз зэрызмытхьжрэ. Зэзэмызэ губамПІэдэхьу сыкъыпІуысыкІми, сызыхилъаесэр, сызыІэщІэзыубыдэр нэгъуэщІщ, уэсбзэм имыпІаесэ къэІуэтэкІэ лІэужьыгъуэщ. Фегупсысыт, сабийр бжьыкъым щхьэпрыпІпу илъагъу дунейращ дуней гъунэнщэу зыкъыщхьэр. КъыдэкІуэтея нэужьи, къуажэ уэрамымкІэ йоплъыхьри, къызэрыфІэщІу щытам хуэмыдэу, дунейр зэрянэхъ иныр къыгуроІуэ. КІуэтэху, щІэлпльапІэм щыІэ дунейм нэсыну хуожьэ. Апхуэдэ зыгуэру къыщІэкІынщ сэри си дуней лъагъукІэм зэрызиужьар. Сызэридзэу сегъэгумэщІ сыкъызыхэкІа лъэпкъым и къэкІуэнум. Сыт хуэдэ ар, блэкІам щыщу сыт абы пхыы хъунур? Мы зызыхуэж дунейм дыхэмышыпсыхьжьынщ щхьэкІэ, сыт тщІэн хуейр? Ди бзэр дауэ зэрытхъумэнур, ди щэнхабзэр дауэ къызэрызэтедэнур?

ГукІэ зэдгъэзахуэ апхуэдиз гупсысэм зэуэ жэуап пхуетынукъым. Абы щхьэкІэ ГъащІэ къэбгъащІэн хуейщ, къэбгъащІами Іэмалынщэу ухуепІэкІыжьфу щытын хуейщ. Адыгэ литературэм лъагъуэхэш хуэхъуахэращ здэкІуэнумрэ здаунэтІынумрэ ятеуухуэу упщІэбэ зи пащхьэ къиувэгъар. Абыхэм жэуап къызыхуагъуэта Іуэхугъуэхэм ноби я щІэщыгъуэр икІакъым, дызыхэпсэукІ дунейм ельытауэ пІыхьыпхуэ къэтІылъхуэу докІуэкІ.

Адыгэбзэщ усэр къызэрыспсэлъыр

КУЭДРЭ ящыщІэупщІ къохъу, урысыбзэр апхуэдизу фІыуэ сщІэну, адыгэбзэкІэ фІэкІа сыщІэмыуэсм. А зиунагъуэрэ, сызэрыгупсысэр адыгэбзэщ, адыгэ дунейр зэрызыхэсщІэр. Адыгэбзэм и хъэтырщ Пушкин, Лермонтов, Некрасов, Блок, Маяковский, Есенин сымэ я усыгъэр щІыхьэдзэкІар. Фегупсысыт: сыт хуэдиз лъэхъэнэ зэмыщхь, сыт хуэдиз къэтІ, сыт хуэдиз усэбзэ дуней абыхэм адыгэбзэм къыхуэІуахар? Си анэдэлъхубзэр пэлъащэщ а псом я къэІуэтэным, уеблэмэ, хуэзфІэкІащ апхуэдиз усэ лІыхъужьхэм я гурыщІэмрэ дуней зыхэщІэмрэ нэрыпэ-нэрыпэу зэпкърыхуэу адыгэхэм деж нахьэсын.

Сэ литературэм сыкъыщыщыхьа илъэсхэм тхыльыщІэ къыщыдэкІкІэ, ящхьэмыуэтэщІыжу ягъэщІагъуэу щытащ. Илъэси 10 - 15-м къриубыдэу зы роману къыщІэкІынт дунейм къытехьэр, ари, си тхьэ сеплъэрэ жьсІэмэ, «зэмыгъэпэщІапуэ». «Зи кІэн къикІа а тхыгъэри» хьатэ пэмыхьэ ящІурэ цІыхум жаІэрт: сыт ар зэрытщІыпхуэ, хэт хуэй адыгэбзэкІэ роман, Псыжь адрыщІкІэ узэпрыкІмэ, къеджэн щымыІэ, зыщІзыгъэгъуэзэни умыгъуэтын. А лъэныкъуэм псори урысыбзэщ зэрыпсалъэр, жаІэу. УэрыІысымрэ укъыыхэкІамрэ дауэ къызэрыбгуРыІуэнур, арэ быдзышэм хэлъу Тхьэм къыуита бзэр Іэщ Іыб пщІымэ, илъэсищэ бжьыгъэхэм лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуа Іущыгъэхэм уи щІыб хуэбгъаззмэ?

Абы лъандэрэ зыкъомым зихъуэжащ: лъэпкъым и къежьапІэм дызэрыхуеплъэкІ щІыкІэми, ди дуней ельыкІэми, ди бзэм, ди тхыдэм яхудиІэ щытыкІэми... Литературэм ар къыхощ, къыІуэтэныр хэтщ. Адыгэм и щхьэм къриКІуэ Іуэхугъуэхэм яІыхь иткІэ, ди щыІэныгъэр нэгъуэщІ лъэпкъым епха хъуами, тКІуэщІыпІэ купщІэр къызэтенэным ар зэран хуэхъун хуейкъым. Быдзу си фІэщ мэхъу, лъэпкъыцІэр паспортым зэрырахьжар пхуэмыуэзкІужьи пхэнжьыгъэ зэращІар. Адыгэр адыгэу, тэтэрыр тэтэру, урысыр урысу къэнэжмэ, сыт емыкІуу хэлъыр? Зыгуэрэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэр щапхъэу къахь зэпытщ, абы щыпсэхэм я паспортым лъэпкъыцІэр зэрымытыр къыхаГащІу. А гупсысэ мыфэмыцІэр къезыхьэкІэм зы ящІогъупщэ. Америкэм и цІыхухэр адэкІэ-мыдэкІэ къикІыуэр цІызэхуэсамэ, дэ ди лъахэм дрищІыдэлъхущ, ди къекІуэкІыкІари нэгъуэщІщ.

Адыгэхэр лІэщІыгъуэкІэрэ я щІыгу щыпсэууэ, я бзэ ирипсалъэу къэгъуэгурыкІуащ. Сыт хуэдэбзэ-тІэ, сэ сыдащІэ тхакІуэмэ, сызэрытхэн хуейр? Сэрмырамэ, хэт си лъэпкъым и іащхьэм къриКІуа тхьэмыщкІагъэм тетхыхьынур? Зыри тетхыхьынукъым! Сригушхуэдэ зи цІэкІэ щыІэ саугъэтыр къысхуагъэфэща Шолохов Михаил хуэдэу тэн къззакъэм я щхьэм къриКІуам тетхьыжа щыІэжьым. Си фІэщ хъуркъым щыІэу! Сыту жьпІэмэ, а тхакІуэм и тэныгращ къыжезыІэр итхьн хуеймрэ утыку кърилъхьэн хуеймрэ зыхуэдэр. Сэри аращ, Си адыгэгум къызжиІэращ стхыр. Аращ сызымыгъэзэжа, къэралым щекІуэкІ зэхъуэжІыныгъэхэми сытуи щІэх зытебухуэна», - жаІэурэ къысщІэнакІэрт. Хэт ищІэнт а романым и тхыным СССР-р къутэнымкІэ ипэ къихуэу сызэрыкуэжьар. ЩІагъуэуи сыщымыгугъыу, дунейм къытехьэнкІи фІэщхъуныгъэ хузимыІэу, ауэ си щІыкІущхьэм къыстепса дыгъэр къызэхуэбыліэурэ, си анэм и гъыбзэхэр си щхьэм щызэпекІуэкІыурэ стхащ а романыр. Сыт хуэдизу нобэрей гъащІэр мыхьэлъэми, Тхьэм щІэІэтэуэн ящыхьэуат ар зэрытрадзар! Дауэ? Хэт къыпхуэзыдар? Дапхуэдэ щыкІэкІэ ар зэребгъэдар?.. Нахуэу жьпІэ мыхъун куэд усэбзэкІэ къэсІуэтэну Іэмал Тхьэм къызитат сэ.

1990 гъэхэм и пэщІэдзэхэм «ЩхьэІ мывэ» зыфІэсща романыр дунейм къыщытехьэм, яГъэщІагъуэр нэгъуэщІт: «Сыту псынщІэу зыпхъэжа, къэралым щекІуэкІ зэхъуэжІыныгъэхэми сытуи щІэх зытебухуэна», - жаІэурэ къысщІэнакІэрт. Хэт ищІэнт а романым и тхыным СССР-р къутэнымкІэ ипэ къихуэу сызэрыкуэжьар. ЩІагъуэуи сыщымыгугъыу, дунейм къытехьэнкІи фІэщхъуныгъэ хузимыІэу, ауэ си щІыкІущхьэм къыстепса дыгъэр къызэхуэбыліэурэ, си анэм и гъыбзэхэр си щхьэм щызэпекІуэкІыурэ стхащ а романыр. Сыт хуэдизу нобэрей гъащІэр мыхьэлъэми, Тхьэм щІэІэтэуэн ящыхьэуат ар зэрытрадзар! Дауэ? Хэт къыпхуэзыдар? Дапхуэдэ щыкІэкІэ ар зэребгъэдар?.. Нахуэу жьпІэ мыхъун куэд усэбзэкІэ къэсІуэтэну Іэмал Тхьэм къызитат сэ.

ЩІэжьмрэ щІегъуэжьмрэ

«ИЛЪЭСХЭРИ блэкІынущ, дунейри Іэтесбзырэжьынущ, Іъы щагъэжа Адыгэ Хэкури зэгъэжьынущ. Мис абы щыгъуэ къыкъуэкІынщ зы тхакІуэ я адэжьхэм я нэгу щІэкІа и пэжым теІэзэщІыхь хэмыту зытхыжьын, зауае бзаджэу тхыдэм хилъэсэжьми и щэху Іэджэр зэрыщІат дыдэм хуэдэу къзэІуэтэжьын...». «ЩхьэІ мывэ» романым къыщыхьа мы псалъэхэр сэракъым эейр, ар къызыбгъэдэкІар пащтыкъыдзэм хэта зы офицер щІалэщ. А псалъэхэм, жьсІэнщи, саблэкІыфакъым, апхуэдизкІэ къыщысхуэза меданым щегъэжьауэ си гум итІысхьати... Абы щыгъуэу сфІощІ щытезубыдари адыгэм и бзэмкІэ, адыгэ псалъэм хэлъ къару псомкІэ тхыдэм и пэжыр стхьжьину.

Іэджэпси ежэхакъым зауэр зэрыуВыІэрэ, ауэ щІэжьр Іэхуэшхуэщ, щІэх кІуэдыжьыкъым, щІэх упщІыІуЖыркъым. Илъэс дапщэ хъуа лъапсэрыхьр къытхуэзыхьа зауэм экІыдзаэм я фэеплъыр дгъэльапІэу ЩІегъуэщІэж хаухуэр зэрыдгъэнахуэрэ? Куэд дыди дэкІакъым ар тхуэзфІэмыкІыу щыщытам. Лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэм сыт хуэдизыфІ хэмылъми, Урыс-Кавказ зауэм къиуха гуІэгъуэ мыуэжьыкъыІыкъым, щІэх упщІыІуЖыркъым. Илъэс дапщэ хъуа лъапсэрыхьр къытхуэзыхьа зауэм экІыдзаэм я фэеплъыр дгъэльапІэу ЩІегъуэщІэж хаухуэр зэрыдгъэнахуэрэ? Куэд дыди дэкІакъым ар тхуэзфІэмыкІыу щыщытам. Лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэм сыт хуэдизыфІ хэмылъми, Урыс-Кавказ зауэм къиухэ гуІэгъуэ мыуэжьыкъыІыкъым, щІэх упщІыІуЖыркъым. АпхуэдизкІэ къыщысхуэза меданым щегъэжьауэ си гум итІысхьати... Абы щыгъуэу сфІощІ щытезубыдари адыгэм и бзэмкІэ, адыгэ псалъэм хэлъ къару псомкІэ тхыдэм и пэжыр стхьжьину.

Іэджэпси ежэхакъым зауэр зэрыуВыІэрэ, ауэ щІэжьр Іэхуэшхуэщ, щІэх кІуэдыжьыкъым, щІэх упщІыІуЖыркъым. Илъэс дапщэ хъуа лъапсэрыхьр къытхуэзыхьа зауэм экІыдзаэм я фэеплъыр дгъэльапІэу ЩІегъуэщІэж хаухуэр зэрыдгъэнахуэрэ? Куэд дыди дэкІакъым ар тхуэзфІэмыкІыу щыщытам. Лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэм сыт хуэдизыфІ хэмылъми, Урыс-Кавказ зауэм къиухэ гуІэгъуэ мыуэжьыкъыІыкъым. Ар къуажэм и цІэм къыззриІуатэщи, дэсым щыщ зыкъомыр зэгуэр си щхьэр зыщэхужахэм я щІэблэщ. СССР-м и къэрал саугъэтыр къыщыІыхуагъэфэща «Бзаикъэ зауэ» романым къыщестхэжащ цІыху къызэрыгуэкІым и гъащІэр, и псэуКэр зыхуэдэм, ауэ си фІыщІэ псалъэм щызгъэщІакъым пщыхэмрэ уэрэхэмрэ. Ахэрат зыхуэзфІэкІыр «бжьыкъым щхьэпрыпІпу» дунейм къыщыкІуэкІым набдзэгъубдзаплъэу хэпльэн. Адыгагъэмрэ Адыгэ Хабзэм и хъумакІуэхэри ахэрат.

ГъащІэм къызэгуригъэІуэщ пэжыр Іэджэ зъэныкъуэкІэ къекІуэкІын зэрыльэкІыр, зэпэщІэту пхуэзэгурымыгъэІуэнуми, ІъэныкъуэитІми я пэж зэрыщыІэр.

«Совет-демократ» тхакІуэ

СЭ ЗЫ ТХЫГЪИ захуэмрэ къуанщэмрэ щІыщхэзэгъэкІыну, мысэмрэ хеймрэ къыщысІыхьэуэну сыхэтакъым. ТхакІуэу зызэрысІыхьэкІар арагъэнщ, сыхуимыту къыщІохуэ апхуэдэ бгъэдыхьэкІэкІэ гъащІэм къыщыхъу Іуэхугъуэхэм секІуэлІэну, ауэ, пэжщ, арыншэуи хъунукъым, си гупсысэ, си еплъыкІэ гуэрхэр утыку къиСхьэну хуитыныгъэ зызотыж. ГъащІэ къэзгъэщІащи, фІы дыдэу къызэгуроІуэ щыІэныгъэр зэщІмыщІ куэду зэрызэІущар. Гъэхэр кІуэху, си цІыкІущхьэм куэдрэ сыщыхилъасэ къохуэ... Куэдрэ си нэгу къыщІохьэж гъуэгуіу щІыс си анэр, ар зыльгъагу дэри догъ, къыдгуриуэркъым ди анэм дызыкъуэпсэукІ жэм закъуэр зэригъкІр. ИгъейтІ арами, дэращ, сабий бынырщ зытепльхьэр. Зэманыр хъэльэт, гъей зэуэкът. Зыгуэр къыхуэбзэгуфІэри, хеящІэм деж кІуэну къыжриІащ. Аращ ди унагъуэр къезыгъэлар. ХеящІэм и унафэкІэ, Іэщым и уасэр тхуапшынысжат. Мызыгуэгуэми ди анэм нэпс щІигъэкІат. Ауэ ар гуфІэ нэпст, фІыщІэ нэпст. Зыгъэгушхуам игу къызэрыдришеярэгъэнт, зэкъуэшхэр дигъэІІыгъ-сырти, «Уэ - хеящІэ, уэ - гъчыл, уэ - хьыкумэт лІыкІуэ фыхъунущ», - кІыджиІэрт.

Иджы дегъэгупсысыт: сыкъызыхэхъуКІар Совет къэралыгъэрауэ, абы къыщызгъэщІа гъащІэм къуанщэгъэфІэкІ къыщыщмыщІыгъуэ, фІыгъэ захуагъэу хэлъар дауэ Іэщ Іыб зэрыщІыну? Дауи, хъункІэ Іэмал зимыІэщ!

Куэдрэ щыжьсІэ къохъу «сэ сысоВет-демократ тхакІуэщ» жыслІэу. Пэж дыдэу, демократиеи и фІыщІэщ си макъыр Іэтауэ сызыхуэрэр жьсІэну Іэмал зэрызэгъэтар. Зи гъащІэр тхэным пыщІауэ псэу цІыхум и деж кІэ абы мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Арами, сызыхапІыкІа совет лъэхъэнэрщ си лъэпкъым тхыбзэ игъуэту и бзэм зригъэужьыну Іэмал къезытар. Абы и фІыщІэщ адыгэ интеллигенцэр къызэрыпхэнар. Сэ щІэныгъэ нэхъыщхьІ зззэгъэзуэтащ. Сыт хуэдэ къэралыгъэт апхуэдэ Іэмал сэ къызззэтынур?

КПСС-м и Комитет Нэхъыщхьэм деж щыІэ парт еджапІэ нэхъыщхьэм сыкІуэну къыщысхуагъэфэщам, сытемыгушхуэу «хьэуэ» жысІат. Адыгэ Хэкум и щІыналъэ комитетым пропагандэ ІуэхуэмкІэ и къудамэм и унафэщІым и хуэдэзэу сылажьэ, лектор гупым срапашэ пэтми, зыхэсщІэрт парт лэжьыгъэр сэ стеухуауэ зэрыщымытыр. ЕджапІэ сыкІуэну сыщІытегушхуари абы хэт журналрт факультетым сызэрагъакІуэр къызгурыІуа нэужьщ. ЕджапІэр къззухьу къыщызгъэззэжьым Адыгэ Хэкум и щІыналъэ комитетым и япэ секретару тета Бэрзэдж Нухь зы тІэкІурэ сыщылэжьа зэку газетым и унафэщІ къалэныр къыхихуагъэпъэгъуау. ПІэуней къыжжиІат, арщхьэкІэ сеуэзэІэфыртэкъым. Дауи сеуэзэІэнт, а тІысыпІэм цІыху псэуу тесу. Андырхуэвей Жайтемыр нэгъэсауэ цІыхут, зыпэрыт ІэнатІэри фІы дыдэу зэрихьэрт. Литературэ институтыр къззухьу Мейкъуапэ сыкъыщыкІуэжьым, хуабжьу зыкъыщитІэкъуат пэжьыгъэкІи Іуэхуэкіи. Илъэс щэщІыр мащІэкъым газет зепхьэну, зыхуэй хуэбгъаззэну. Си гугъэщ Бэрзэджри арэзы сызэрымыхъуам щыгугфІыкІыжауэ, ар щыгъэтэуэ, къэскІуа гъуэгуанэм сроплъэжри, абы щыгъуэ къэсщта унафэр захуэт.

Сигури си псэри зыхуеІэр тхэнрат, литературэ лэжьыгъэрат. Партым щесхьэкІа Іуэхуми газетым щызлэжьами сыхущІегъуэжьыркъым, абдеж си гъащІэм къыщыхьа цІыхуэсми нобэми сахуэарэзэщ. Дапщэщи шыІапІэ пэлъын зэрыхуэфІ, сыт хуэдэ ІуэхущІафэми, псалъэмри мыхъэнэ зэрИІэр, сыт щхьэкІи пщэдэкІыж хьыным ухуэхъэзыру зэрыщІытпхъэр зэхэращ зыдэсІъэгуэр, ахэращ къыскъэзыщар.

Си щхьэ сыхуитыжщ

ТІЭКІУИ АУАН хэлъ хуэдэу, тІэкІри гне хуэдэу кэдрэ къыщызэІуэкІ щыІащ Вындыкъуэ Ибрэхьими, Бэрзэдж Нухьи, Хъут Мэлыч, Джарым Асльэни, Щэумэн Хьэзрэти, Тхьэкіушынэ Асльэнджэриі зыкъзмэтетыгъуэ сэри щы пщІэгъуалэ сытесу сыкъкеІуэкІаУэ. Сыт жьсІэм мыбы теухуауэ? ТхьэкІумэ ятІонэрэ, Іэщ Іыб зэрыдж сакІэлъІыхьащ, сабгъурытащ. Ауэ, дапщэщи хуэдэу, си тхьІылъэм сатыру истхэр зытезухуари зытестхъыхьари сыщІэлъІейтейхэращ, сызыІэгъэмэщІхэращ, лъэпкъым и къэкІуэнур зэпха гупсысэхэращ.

Пэжщ, къэрал гъащІэм сыкъалъІыхьэрт, ауэ жьсІэм къикІыркъым абыхэм зэрахьэ политикэр псори ядэсІыгъэу щытауэ. Зэкъым икІи тІэукъым щІакІуэкІапэм сытратхэзыну зэрыхэтар, стхэн хуейхэмкІэ къызэуІущиекэу гъэсэныгъэ лэжьыгъэ хьэздрагъэкІар. Арыхэуи, лъэпкъэпэ гуэри сыхэмытауэ зи гугъэхэм кІыІэмэ сфІэфІт си тхакІуэ гъэзгур сыт щыгъуи къэгъагъэ защІэкІэ сеяуэ зэрыщымытар.

КъысфІэлІыкІыу щыта? ПцІы хэмалІуэ, щытащ. Ауэ си Іэдакъэщ ІкІ псори щІаджэкІыу щытауэ жьпІэфын? Си гугъэкъым. ХьэщІэлъхьитэу къэдрэ сыщрагъэблэгъа къызэкІащ. Сахуэныкъуэу арат? Хьэуэ, пэжыр жьпІэмэ, езыхэрат къыскъэзыхьэжьрэ.

Сэ ГъАЩІЭМ хэтщ зы цІыху хьэлэмэт - Щэумэн Хьэзрэт. Куэд лъандэрэ дызэнэІуэасщ абырэ сэрэ. «Хьан-Джэрий» зыфІэсща романыр абы и мылъкущ дунейм къызэрытехьар. ПІэщІыгъуэ блэкІам и бгъущІ гъэхэм тхьилъ къыдэбгъэкІынырэ къызэрымыкІуэу гугъуэт. Романыр къыдэкІынми си гугъэр хэсхыжьыным нэсат, зы пщыхьэщхьэ гуэрым Краснэрск къращІыкІыу къыщІэзэпсэлъам: «Уи тхьилъыр къызэрыдэкІыну ахъшэр суТ хуэдэ щыкІэкІэ къыпІэрыдгъэхьэну?» - жаІэу. Сызыпэмыплъа Іуэхугъэт. Ахъшэр къэсри, тхьилъри дунейм къытехьащ. «ФІы щІэн, псым хэдзэ», жаІэ адыгэхэм. Апхуэдэурэ екІуэкІыну къыщІэкІынт, зэрымыщІэкІэ Краснодар кхъухьитэ тэджьпІэм дыщызэримыхьэлІамэ. Абдеж дытесыхнкІи, метр минибгъуКІэ зытІэту уэгум дитыхуикІи, къытезгъэзэжрэ фІыщІэ хуэсщІырт. «Гумрэ псэмрэ къабгъэдэкІыу...».

Адыгэхэм, хэти хуэдэу, яфІофІщ хьэупсэну. ГушыІэу зэхэпхынущ «Мы си пыІэжьыр дэздзэйрэ къьхуэхьжыхункІэ ІыщхьэІ сыхьэтэмэ, мор сщІэнт, мыр сщІэнт» жаІэу. ФІэщыпІъуейщ ар зыхуэзфІэкІа щыІэу. Нэхьыбэм ди нэгу щІэтыр нэгъуэщІщ. Мыльку яІэу, къэрал бжьыпэри яІыгъыу псэуэхэм мащІэщ яхэтыр абы къапэкІуэ фІыгъуэр нэгъуэщІым дэзыгуэш.

Гуэлъэщ цІыху хъэлэпІым и хьэжь щымыгуэтыжьым и деж. Фыгъуэ нэхъыкІэ сыт щыІэ? Ди насыпти, дэ тІэкІу нэгъуэщІущ дызэрызэхэтщІ. Сыпсэуэу си нэгу щІэкІынкъым, Абхъаз къэралыгъуэр илъэсипщІ щрикъум, лІыкІуэ гуп я махуэщІыр ядэтІыгъыну дагъэкІуат. Хьэухъуэнри гуфІэнри зэфІэкІри, дызэхэувэжауэ дыздэщытым, зи ныбжьыр фІыуэ хэкІуэта тхьэмадэ гуэр къызбгъэдыхьэри, нэку-нэпс хьуауэ къызжиІащ: «Уи Іэр соубыдри, зыхэпІащ хуабагъэр Хьэзрэт хунэпхьэсыжьыну сынольэІу». Иджы абы къыгурыІуэ Щэумэн мелуанипщІ тыгъуэ Абхъазым я махуэщІ махуэм тыгъуэ яхудигъэхьати, арат яхуэмыІуэтэщІыжу фІыщІэ ящІыр. Ар Хьэзрэт щыжетІэжьым, жиІар ар дыдэращ: «Гумрэ псэмрэ къабгъэдэкІыу...»

Щэумэныр ззэгъащхь щыІэжьым пщІэнтІэпс къьбгъэкІэ хэпхьчэтыщІ хъуа ТІрахъэу Лу фІэкІа. Адыгэ дунейм фІы дыдэу къыщаІыху Лу дуней мылъкур иІэт, ауэ, нобэми и гугъур ямыухуэ иІуатэ, апхуэдиз фІыгъуэм ипэ иригъэщар цІыхумрэ цІыхугъэмрэщи. Дунейм щекъьжи, ар уэсэту къигъэнаужьакІэ, «сыщыщІэфпъхьэкІи, си Іэгур къаплъэу сыдэсфх», хьэдрыхэ зыми зыри зэрызэдимыхьынур къиГъэлъагъуэу.

ПщІэращ къэзнэр. Апхуэдэщ Тхьэм пэблагъэ Щэумэным и ІуэхущІафэхэри.

Жагъуэгъу уиІэмэщ, пащІэ птету лІыуэ ущалъытэнур

МАЩІЭ зи куэда, зыгуэр тІэкІу къызэхъуІа цІыхум мывэр кІэлъызуТІыпщым а зырауэ къыщІэкІынущ зыкъыхигъэщыну Іэмалу иІэр...

БлэкІа илъэс зыбжанэр тынш дыдэу щытауэ жьпІэфынкъым. Сыт хуэдизу умынабдзэгъубдзаплъэми, щыуагъэхэм щыхъумэ уэхурхъым, Іэмалынщэу зыгуэрхэр пІэщІкІ. Зыри зымыщІэращ, дауи, щымыуэр. Адыгэ Хэкум и лІыщхьэхэр дапхуэдизу цІыху гъэщІэгъуэну щымытами, ахэр къззыухъурейихь цІыху псори зэхуэдэжьм, я хуамэбжьымэ ящыуащ. Хэти и гум фІы къыпхуиІущ, хэти ущиГъэпэздэну хъэзырщ. БогъэщІагъуэ, уи Іэшхьлъэм ишхыкІыр загъэрэ къопэбжьэуэжу утыкум псалъэу къыщІихьэкІэ. Ауэ апхуэдэ зыгуэру къыщІэкІынщ «Жагъуэгъуншэ сумыщІи, щІыжьагъу зэрыжаІи сумыщІ», щІыжьагар адыгэм.

Жагъуэ псалъэ гуэр сигъэзадзауэ, си анэ деж тхьэусыхакІуэ сыщыкІуэжар сигу къокІыжри, ярэби, сыт хуэдизыпс абы къандэрэ ежэхар, жызоІэ. Абы щыгъуэ си анэм къызжиІар нобэ хуэдэу си тхьэкІумэм итщ. Аращ ар тынш дыдэу уеІ сатырми щІитІысхар:

Ей, си щІалэ, умышэщхьей,
ІуэхугъуэфІым и
щхьэусыгъуэщ ар,
УиІэщ уэ жагъуэгъуи,
ПащІэ птету лІыуэ уалъытащ.

КьыззэрекІэрэхъэжьКІар аращи - нэгъуэщІу хьуну пІэр? ар? - си ІэдакъэщхьэкІэр къанэ щІагъуэ щымыІэу сыкъызыхэкІа лъэпкъым и щхьэ къриКІуам теухуащ, къызэрринекІа тхыдэ гъэзгуанэми ехьэлІащ.

Адыгэм и нобэрей махуэм, пщдэйм къыхуихьынкъым, Хэкум къ»на мащІэм и пщэ дэпъыр зыхуэдэм, хамэщІым къыщыхутрыкІ. Хэкум къуэдрэщІэжьым хилъхьанным зыхуэдэм семыгупсысым сльэкІын, гущІэр изыным нэсу сроПІейтей псоми... Мывэ къыскІэлъадэми, дахэ къысхуагъэфащэми, ар си гуэргуп, ар си дунейщ... Акъыл диІакІэщэрт, гугъапІэзэри уафэщыщІгъэу зэпубэфынт. Сэ нобэми сотхэ...

ЗыгъэхьэзырыР **ТАБЫЩ Муратщ.**



Къэгъуэтыгъуейщ нэхъ гуащІафІэ

Иужьрей илъэсипщІхэм Мэшбащ Іэ Исхьэкъ прозэм, псом хуэмыдэу роман жанрым псэ хьэлэлкІэ хуолажьэ. Абыкі Іэ и цІэр фІыкІэ жыжьэу щигъэІуащ. Адыгэ тхыдэм и лъэхъэнэ зыбжанэми тритхыхьащ роман щхьэхуэхэр, сэтей къищІащ щІыху щэджащэ зыкъомым я гъащІэр, ди нэгум къыщІигъэувэжащ зэман зэхуэмыдэхэм щыІа псэукІэр. Іутпыж Борисрэ Мэшбащ Іэ. Исхьэкърэ зыгуэркІэ зэщхыщ. Борис и трагедиехэмкІэ адыгэхэм я тхыдэм и лъэхъэнэ хьэлъэхэр щыІэфІгъуэвэжащ театр сценэм, Мэшбащ Іэ Исхьэкъ нэгъуэщІ жанркІэ хуэзфІэкІащ ди тхыдэм, адыгэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ лъэпкъхэри иригъэупсысын, гу лъаригъэтэн къытлъыса гуааэ ядэм. Аращ и щхьэусыгъуэр Исхьэкъ и романхэр адыгэбзэкІи урысыбзэкІи зэкІэлъхьэжьу къыщІыдигъэкІыж.

МЭШБАЩІЭМ нэхъ гуащІафІэ тхакІуэ къыщыгъуэтыгъуейщ Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, ди гъунэгъу республикэхэми. Апхуэдиз роман иужьрей илъэс щэныкъуэрэ плІым (тхакІуэм и апэрей роман «ЯгъеижамІ пэплъэжэрКъыш» зыфІищар 1966 гъэм итхащ, абы къыкІэлъыкІуащ: «ЦІыхур тІэу къалъхурхьыкІ» - 1968; «Нэхущ лъагъуэхэр» - 1971; «Илъэс уаехэр» - 1973; «Бзиикъуэ зауэ» - 1976; «Гуащэней», «ФІы щІэи, псым хэдзэ», «Щхьэл мывэ», «Хьан-Джэрий», «Ридадэ», н.) зи Іэдакъэ къыщІэкІа сцІэрхьым. Я куэдагъым и закъуэкъым, атІэ ахэр Іэзэу «историзм» жыхуаІэ Іэмалым тету, фІэщхьунигъэ хэлъу зэрытхам папщІэ фІыщІэ жыг хухэпсэ хьунущ тхакІуэшхуэм.

Мэшбащ Іэм и романхэм щІэныгъэлІ куэд тетхуахьащ, абыхэм хуаГъэфэщащ саугъэт лъапІэхэри, хужаІащ псалъэ дахэ Іэджи. Сэ зи гугъу сщІынур абы и усэхэрщ, лирикэ жанрым и жыпхъэм итхэрщ. Куэд щІауэ Исхьэкъ поэзиер тІэкІу «Іэщ Іб ищІами», ар литературэм зэрыхьихьар, и цІэр фІыкІэ къраІуэу зэрыщытар и лирикэмкІэщ. Пэжщ, Исхьэкъ и поэзием щымащІэкъым эпосыр зи лъабжьэ усэхэри поэмэхэри. Уеблэмэ, усакІуэм и апэрей поэмэ «ЦІыху лъэщхэр» (ар и фІэщыгъэцІэ хуэщ и апэрей тхылъми) эпикэр щытопщэ, ауэ лирикэм и хьэли дыболъагъу.

Сэ сызэрелпъымкІэ, Мэшбащ Іэм и творчествэм, усэми прозэми щытопщэ эпикэр, ауэ лириКэм дежи и зэфІэкІ къыщегъэлъагъуэ. Лирикэр драмэми эпосми къащхьэщокІ къигъэсэбэп Іэмалхэмкі, зытепсэлъыхь Іуэхур къызэригъэлъагъуэмкІэ. Абы и дежкІэ нэхъыщхьэр усакІуэм и щхьэзакъуэ гурыщІэрщ, езыр зыгъэпІейтейщ. Мы жанрым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ усакІуэм и тшыфэлІыфэм.

КІыщокъуэ Алим и усэ «Дамыгъэ» жыхуиІэм фІы дыдэу къыщигъэлъэгъуащ зи гугъу тщІыр. УсакІуэм и цІэр дамыгъэ яхуохъу усэхэм, шым трагъауэм хуэдэу. Алим тегузэвыхьу жеІэ: «Си усэшыхэу си дамыгъэ зытеслъхьэхэм кхахьифыну пІэрэ шууейхэм я деж фІыщІэ?». Мэшбащ Іэ Исхьэкъ и дамыгъэ зытет усэ куэдым кхалэжьащ адыгэхэм я лъагъуныгъэрэ я щІыхьрэ. Абыхэм яхэтщ «макъамэм шэсу» уэрэд цІэрыІуэ хъуахэри. Хэт нобэ зымыщІэр «Адыгэхэр» жыхуиІэ усэр? Мы усэ закъуэм деж Исхьэкъ адыгэхэм я лъапкъ щэныр, я хабзэ дахэр, я лЫгъэр, псом хуэмыдэу зэрыхьэлэныр, я гур зэрыІэуХэр къыщигъэлъэгъуэн хуэзфІэкІащ. УсакІуэм сюжет хьэлэмэт къигъэтащ. Ар «мы-адыгэ гуэрым» дэуэршэр хуэдэуэрэ, адыгэхэм ятопсэлъыхь, «ирожэ» тхыдэм, хабзэ щІыпІэхэмрэ щымыІэжхэмрэ къретхэкІ. ИкІэ дыдэ строфам деж щыжеІэ: «Иджы фоч щагъуэр нысэшыжым дежщ», «сабийр къагъэхъуэр, гъуэгу трагъуэвэр», «цІыху хуэдэ щыт» жраІэуРэ.

НэгъуэщІ усэ куэдми Мэшбащ Іэм гупсысэ куу къыщегъэльагъуэ, псалъэ къызэрыгуэкІхэр къигъэсэбэпурэ, абыхэмкІэ образ щІэщыгъуэ ирухуурэ. Ящрей усэ тхыпІэ «Си дунейм» (1957) зыфІищам къыщыщІэдзауэ Мэшбащ Іэм и усэхэм а хабзэр хьадогъэзгурыкІуэ. УсакІуэм и пэ ита КІыщокъуэ Алим, Гамзатов Расул, Кулиев Къайсин сымэ философие зыщІэлъ лирикэм зрапщытауэ щытащ 60-70 гъэхэм. Абыхэм образ гъэщІегъуэнхэр къагъэщІащ икІи символ мыхьэнэ ираташ бгы, шу, мывэ, сэшхуэ, шы, фоч псалъэхэм. Зыгуэрхэм я тхыпІэхэм цІэ яхуэхъуащ ахэр: «Іэсят и мывэ» *(Уэхъутэ Абдулыхь)*, «Мывэ хуабэ» *(КІыщокъуэ Алим)*, «Мывэ уІа» *(Кулиев Къайсын)*, н. КІыщокъуэ Алим шымрэ шумрэ гъуэзджэу къыщигъэсэбэпащ и усэхэм.

Мэшбащ Іэр абыхэм я гъэзгу теувакъым, ауэ абыи къигъэсэбэпащ адыгэм я нэпкъыжьэ зытелъ хьэпшыпхэр, псалъэхэр. Псом япэ къиІуапхъэщ мыхьэнэшхуэ зиІэ «гъуэгу» псалъэр. КъыкІэлъыкІуэу «Адыгэ фащэр», «ЛъагапІэр», «ЩІыгу хъурейр».

Адыгэм и гъащІэм деж, и гупсысэкІэм, и псэукІэ-щытыкІэ философием щІыпІэшхуэ щеубыд гъэзгум. ЦІыхум лъэтеувэ щыхуащІым деж хеш езым и лъагъуэ, къыдокІуэтейри - и гъэзгу къыщелъыхъэ гъащІэм. Зекіуэ хабзэм гъэзгу куэдыкІей иригъэкІурт адыгэлІым. МэшбащІэм езым и гъэзгу щыпхишащ поэзием. «Гъэзгухэр» жыхуиІэ усэм деж «псэ хелъхьэ» гъэзгум, цІыхум и хьэл-щэн ирет.

АДЫГЭ гъащІэм, ди лъэпкъ гупсысэм, ди хьэл-щэным зи творчествэр нэрылъагъуу пыщІа тхакІуэ, усакІуэ КІэрашэ Тембот, Щоджэнцікыіу Алий, КІыщокъуэ Алим сымэ ябгъэдэуващ Мэшбащ Іэ Исхьэкъи. Абыхэм яхуэзфІэкІащ адрей лъэпкъхэм яхэмыгъащІуу ди хъугъуэфІыгъуэхэр, хабзэр, дуней тетыкІэр литературэм и Іэмал нэхъыщхьэ образхэмкІэ къагъэлъэгъуэн.

Исхьэкъ и лириКэр нэхущ, ар гъэнщІащ къызэрыгуэкІ псалъэхэмкІэ, ауэ абыхэм щІегъэувэ зэман бзаджэм Іэщ Іыб ищІ гурыІуэгъуэхэр: хьэлэлагъыр, цІыхугъэр, адыгагъэр, гущІэгъуэр, ныбжьэгъуэгъэр.

Зылі хуэзфІэмыкІын хэлъхьэныгъэ хуищІащ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ ди литературэм. ЦІыхум зигъэпсэхуну щыхуит ныбжьыи фІыуэ фІэкІащ, ауэ зэш имыщІэу лъэпкъым хуолажьэ. И унэцІэми къеІуатэ абы и адэжьхэм «мэш куэд, мэш бэв» къалэжьу зэрыщытар. Арагъэнщ абы узынщагъи талант гъуэзджи щІиІэр, псэемыблэж зыщІыр. Сохъуэхъу куэдрэ дяпэ итыну!

БАКІУУ Хъанджэрий, *филологие щІэныгъэхэм я доктор.*

Хуэмыфащэ щыІэкъым

ИЛЪЭС щэныкъуэрэ зырэ хьуащ сэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ зэрысцІыхуурэ. «Зекіуэ и вакъэ лажьэркъым» жыхуаІэу, си напщІэм тепІ а ныбжьэгъугъэр къыздисхауэ щытар КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щызэпысча гъэзгуанэхэрат. 1969 гъэм туристхэм сраГъусэу Сириемрэ Ливанымрэ сыкІуат. Абы щыгъуэ сэ илъэс тІощІрэ щырэ сыхъуу арат, Исхьэкъ пліыщым нэблэгъат. Ауэ, нэхъыжьыфІти, сигъэныбжьэгъуэ, сигъэгушхуэу сызригъэгъусащ. Апхуэдэу щІэхъуар зыкъомкІэ елъытагъэнт ди Іуэху епльыкІэхэр зэрызэтехуэм, хэхэс гъащІэр натІэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъуэхэм ехьэлІауэ къыздфыкІ «узэхэмкІи» дызэрызэщхьым.

Дэнэ щІыпІэ дыкъыщыхутами, дэ къэтлъыхъуэр 1763-1864 гъэхэм екІуэкІа Урыс-Кавказ зауэжьым и зэранкІэ зи лъахэр къэзыбгынэу хэхэс псэукІэ бзаджэр зыгъэва ди лъэпкъэгъуэхэм я щІэблэхэрат. ИкІи къздгъэтырт апхуэдэхэр.

Адэжьхэм я хэкум ирамыгъэзэгъа шэрджэс насыпыншэхэм а хамэ щІыпІэхэми псэупІэ щратыртэкъым. 1967 гъэм израилыдзэхэр къызытеуа щІыпІэхэр адыгэхэм нэхъыбэу хэщІапІэ яІа щыналъэхэрати, мо тхьэмыщкІэ къомым и щхьэр щІахьэри, адэмыдэкІэ егъэзыпІэ щащІат. Мис ахэр къэгъуэтыгъуафІэтэкъым. Ауэ абыхэм зыхуэдмыгъаззу ди гум тхутегъэхуэнутэкъыми, дымыщхьэхьыу къэтпльыхъуэрт ахэр. Псом хуэмыдэу темыпльэжьыр, емызэшыжьыр Мэшбащ Іэ Исхьэкът. Адыгэхэм я щхьэм кърикІуа насыпыншагъым теухуауэ сэри ди гъусэхэми дымыщІэ куэдым щыгъуаззт ар. А хъыбар гуаузэхэм дыщІигъэдэІуу сыхьэт бжыгъэкІэ дыщигъэст. Дызыхуззэ ди лъэпкъэгъуэхэм къыджаІахэр и дэфтэрым иритхэрт, ахэр зи тегъэщІапІэ гущІэм зыкъыдэзыгъа-зэ усэщІэхэм дригъэдаІуэрт нэхъ иужькІэ.

Сириемрэ Ливанымрэ дыкъикІыжа нэужь, Мэшбащ Іэр куэдрэ ялъыгъуззащ унафэщІышхуэхэм. Сытыт зыгъэпІейтейр? Хамэщ Іым щыпсэу адыгэхэм я дунейр зэрыкІыфІыр яжриІэу, абыхэм зыгуэркІэ защІэгъэкъуэн зэрыхуейм кІэ лъаІуэу арат. Ауэ «уи мыІуэху зумыхуэ» къыжраІэ мыхъумэ, къапих щыІэтэкъым. «Зи мыІуэху зезыхуэ» усакІуэм хуэзфІэкІрати, тІысырти усэбзэкІэ и щхьэм хуэтхъэусыхэжыр, адыгэхэм я тхыдэр лъабжьэ зыхуищІ усэ уахътынщэхэр итхырт. Абдежэрэщ дунейм къыщытехьар нобэ ди лъэпкъэгъуу хъуам яІурылъ « Адыгэхэр» уэрэд цІэрыІуэр къызытращІыкІа усэр.

ПІэщІыгъуэ ныкъуэ дэкІащ си ныбжьэгъу нэхъыжьымрэ сэрэ дызэрызэрыцІыхури, абы адыгагъэ, щІыхуГъэ дэслъагъур сэркІэ щапхъэфІщ. Исхьэкъ ещхь хъугъуафІэкъым, псом япэрауэ и талантышхуэмкІэ, итІанэ - и дуней тетыкІэ дахэмкІэ. Абыхэм щІэхъуэпсын, Мэшбащ Іэм удэплІетыкІэ псэун хуейуэ аращи.

2006 гъэм Истамбыл щекІуэкІырт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VII Зэхуэсышхуэр. Дауи, Мэшбащ Іэ Исхьэкъи абы къырихьэлІат. Гухэхъуэт а Лъэпкъ Хасэшхуэм литературэмкІэ игъэуза саугъэт лъапІэр си ныбжьэгъу нэхъыжьым и роман тельыджэхэм папщІэ къызэрыратыр пльэгъуныр. Апхуэдэ гуфІэгъуэ куэд си нэгу щІигъэкІащ Адыгэ Республикэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я щыхубэ тхакІуэ, СССР-ми РСФСР-ми я Къэрал саугъэтхэр зыхуигъэфэща си ныбжьэгъу нэхъыжь Мэшбащ Іэ Исхьэкъ. Абыхэм я закъуэкъым Исхьэкъ адыгэхэр дызэригъэгуфІэр, дызэригъэгушхуэр - Хэку литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм папщІэ Мэшбащ Іэм къратащ къэрал дамыгъэ лъапІэ куэд, Адыгэ Республикэм Краснодар щІыналъэми абы къыхуагъэфэщащ. ЦІыхушхуэхэр зэрагъэпажэу яІэ дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэхэр.

Жылагъуэ лэжьыгъэм жьыджэру зэрыхэтыр, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, мамырыгъэр гъэбыдэным псэемыблэжу зэрыбгъэдэтыр къалъытэри, Мэшбащ Іэ Исхьэкъ къыхуагъэфэщащ «Мамырыгъэм щІэбэн» дыщІэ медалыр, Урысей лъэпкъ фондым и «Обществэм зэрригъэлъапІэ» дыщІэ щыІэ нагъыщІэр.

Дауи, мис а псори къалъытащ абы Мейкъуапэ къалэм щІыхь зиІэ и гражданин цІэр къыщыфІащми.

Дунейпсо гражданин цІэр къыпфІащыну пхуэфащэщи, ари къыплъагъэсауэ Тхьэм дигъэльагъу, си ныбжьэгъу нэхъыжьыфІ Исхьэкъ!

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд, *УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м, Адыгэ Республикэм, КъШР-м щІыхь зиІэ я журналист.*

Хьэфыцэ Мухьэмэд

ТхакІуэ цІэрыІуэхэм я псалъэ

«УСАКІУЭ» псалъэр гупсысэ куу зыхэлъ псалъэшхуэщ. Ар щІэбгъэщІэрэщІэни щыІэкъым. Ар уэри фІыуэ уощІэ, Исхьэкъ. Дауи, уэ езыми къыбгуроІуэж уэрыусакІуэр. Сэри абы щхьэт сытохуэ. Ауэ, сэ сыщынэхъыжькІэ, а псалъэм щІызогъу: уэ уусакІуэшхуэщ, гу губзыгъэ зи бгъэм къыщеуэ уусакІуэ телъыджэщ. Кавказым и усакІуэ нэхъ ин дыдэхэм уащыщщ.

КУЛИЕВ Къайсын. *1981 гъэ*

* * *

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ и усыгъэ тхыльхэм укъыщеджэжкІэ уи нэгу къыщІохьэ абы и къуажэгъу Іущхэм я дунейр, я псэукІэ-щытыкІэхэр, я хьэл-щэнхэр. КъыпщохьУ абыхэм ярахьэщІэу, урапсэльэгъуу. Усыгъэм и кьалэн нэхъ лъапІэу хъуар гъэзэщІа щохъу Исхьэкъ и тхыгъэхэм - Іуэхур апхуэдэу щІыщытыр си ныбжьэгъу Мэшбащ Іэр усакІуэ нэсщи аращ.

РОЖДЕСТВЕНСКИЙ Роберт. *1981 гъэ*

* * *

ИСХЬЭКЪ и усэхэр сыт щыгъуи узыгъэпІейтейщ. Ахэр зи Іэдакъэщ Іэкіыр зи акъылыр тІыса, дунейм и пІалъэ зыщІэ адыгэлІ нэсщ. УсакІуэшхуэщ. Куэдым зэрыжаІэщи, Мэшбащ Іэм и усыгъэхэм я тегъэщІапІэр и лъэпкъ тхыдэращ. А тхыдэм и пэжырщ абы и усэхэр псэ быдэ, удэзыхьхэ зыщІыр, езы усакІуэм пщІэрэ щІыхьрэ яхьхуэзыхьыр.

ДАНГУЛОВ Саввэ. *1971 гъэ*

* * *

КАВКАЗ Ищхъэрэм и усыгъэм Гамзатов Расул иІэмэ, Мэшбащ Іэ Исхьэкъ зыхуэлажьэ абы и прозэри насыпыншэкъым. Расулрэ Исхьэкърэ зэбгъэдэпх хьунукъым - тІуми талантышхуэ ябгъэдэлъщ, къызыхэкІа лъэпкъэрэри Урысейм и литературэри зыгъэбжьыфІэ цІыху цІэрыІуэхэщ.

ИСАЕВ Егор. *1981 гъэ*

* * *

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ адыгэлІ Іущщ, укІытэ зыхэлъщ. Гу къабзэрэ псэ дахэкІэ зыхещІэ абы Урысейми езым и лъэхэми щекІуэкІ псорИ. Литературэми жылагъуэ гъащІэми щекІуэкІыу хъуам гудзакъэ иІэу якІэлъэполъ. И тхакІуэгъуэхэм къащхьэщыжу хуежьакъэ – зыкІи къыпхуикІуэтынукъым. Абы и дуней тетыкІэри и лэжьакІэри цІыхур зэхъуапсэм хуэдэщ. Литературэ нэсым пэлъэщыр талантымрэ емышыжу лэжьэнымрэщи, а тІумкІи Алыхьыр къыхуэупсащ си ныбжьэгъу Мэшбащ Іэ Исхьэкъ.

БОНДАРЕВ Юрий. *2001 гъэ*

* * *

СЭ КУЭДРЭ слъэгъуащ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ дэнэ щыпІи - Якутиеми, Краснодари, Смоленски, Налшыки, Ростови – цІыхухэр гуапэу къызэрыщІуущІэр. Апхуэдэу щІыщытыр гурыІуэгъуэщ: Исхьэкъ зи тхакІуэр адыгэхэм я закъуэкъым – ар лъэпкъыбэ урысей литературэр япэкІэ зыгъэкІуатэ шу пашэхэм ящыщщ.

СОРОКИН Валентин. *1991 гъэ*

* * *

АДЫГЭБЗЭР зыхъумэхэм, къулей зыщІхэм ящыщщ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ. Абы Алыхьым къыуирилъхьащ адыгэ псалъэм и дахагъри, и щэрыуагъри, и лъэщагъри. Мис а псори Іэкіуэлъакіуэ къызэрыгъэсэбэпыращ Исхьэкъ и тхыгъэхэр гахъхьишэ зыщІыр, дэнэкІэ щыІэ адыгэми я гумрэ я псэмрэ щІыдыхьэр, езы тхакІуэр зыгъэцІэрыІуэр.

ШАЩІЭ Къазбэч. *2011 гъэ*

* * *

АДЫГЭ тхакІуэ, усакІуэ щэджащэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ и къалэмыпэм къыщІэкІащ тхыгъэ купщІафІэ куэд – усыгъэ телъыджэхэр, роман гъэзэджэхэр. Ахэр Адыгейм и литературэм и лъагапІэ хуэщ, ди лъэпкъым и щІэмрэ и пщІэмрэ жьжьэ щагъэІуащ. Исхьэкъ и усыгъэхэр гъэнщІащ гъащІэм и пэжымкІэ, уи акъылыр зыгъэлажьэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ ябгъэзыр занхэмкІэ. ТхакІуэм и романхэм лъабжьэ яхуэхъуар адыгэ тхыдэрщ - пасэрей адыгэ дзэпщ Ридадэ деж къыщыщІэдзауэ XIX лІэщІыгъуэм къэс.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид. *2015 гъэ*

* * *

СИ НЫБЖЬЭГЪУ адыгэ тхакІуэшхуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ сэ соцІыху щыстудента лъандэрэ. Си щхьэгъуэсэ, сурэтыщІ Кончаловскай Наталье занщІэу гу лъитат а щІалэщІэр усакІуэшхуэ зэрыхъунум. Ар икІи щыуатэкъым. СССР-м и Тхакіуэхэм я зэгухэсыгъэм хагъэхьэнуабгъэтхылъ зэрестамкІэ сэри сыщыуатэкъым. Мэшбащ Іэ Исхьэкъ ящыщщ Урысейм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм нэхъ пщІэшхуэ дыдэ щызиІэхэм. Абы пщІэ хуэзымыщІрэ ар фІыуэ зымыльагъурэ яхэткъым лъэпкъыбэу зэдэлажьэ да тхакІуэхэм. Мэшбащ Іэм хуэфащэу пещэ и ныбжьэгъу нэхъыжьыфІхэу КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсин, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид сымэ я Іуэхущ Іафэ дахэхэм.

МИХАЛКОВ Сергей. *2001 гъэ*

* * *

СЫКЪЕДЖЭН щІэздзэри, схуэмыгъэтІылъыжу и кІэм сынэсыху сиІыгъащ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ и «Хьан-Джэрий» романым. Ар адыгэ лъэпкъ тхыдэм и гъуджэщ. Апхуэдэ романхэращ Урысей прозэр дунейпсо литературэм и фІыпІэхэм яІыгъ ящыщ зыщІыр. А тхыгъэм кьеджэм, щэч хэмылъу, къищІэнщ адыгэхэм я хэкумрэ езы лъэпкъымрэ зищІысыр, абыхэм тхыдэшхуэ зэраІэр.

АРХИПОВ Владимир. *2005 гъэ*

Адыгейм и Президент Щэумэн Хьэзрэт и хьэщІэщ.

Урысейм и тхакІуэхэм я зэхуэсышхуэм щызэрихьэлІащ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ, Распутин Валентин, Лихоносов Виктор сымэ. *1999гъэ*

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Уафэбгыкъу и нэлат

Тхьідэ роман



Сурэтыр **Пэтіуащіэ Феликс** ищІащ.

(КІэлъыкІуэнщ).

ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57-хэм итщ).

Жаней абрэджьым Мырзэбэч зытеса шым и фІалъэ сэмэгур къиІэтщ, шы-лъэбжьаныэм дэплъэри:

- Іэдэ папцІэр къыззэфтыт, - лъэІуащ.

- Сыт хэдэ Іэдэ? - къыгурымыІуауэ къыпоупщІэж Мырзэбэч.

- Сэ згъэщІагъуэр зыыи фрисэбэпкъым фэ тІур! Уа, адыгафэ зытезыгъэуэну хэт нэгуеи щыпхъу, - къамышы дакъэр Іэта-Ильяс дежкІэ еший Нэкъар, - мо си уанэм кІэрыщІа къэлъатмакъыр зэІухи, Іэдэ папцІэр къыс-хуэхь. Шыпхъбжьаныэм пхъэ Іунэ щІэлъщ.

- Апхуэдэ къэхъункІэ Іэмал щыІакъым! - губжьауэ къызэщІолындэ Мырзэбэч. - А-а-а! Еплъ а гъуаиэм ищІам! Абазэ щуующым дащригъуэсам щыгъуэщ ар... КІэн дыздэдэжэгури, зым и къамэр къыфІэсхьэуат. Мыдэ зэ шы тхьэмыщкІэм и щІэкъуэныр зэкІмэ, саІущІэнущ абыхэм иджыри. МахуитІ-щы нэхъ мыгувэу саІущІэнущ. Къамэр дэнэкІэ щыІэми, щызгъэгъупщэну си тхьэпІанэщ: а пхъэ Іунэр и Іэ дакъэ сэмэгум хуэхэукІэжауэ пльагъунщ.

- Пэж дыдэщ, Мырзэбэч. Пажщ! - дуней гуфІэгъуэр зэрехьэ пхъэ Іунэр зи Іэужь нэгъуейм. - Зыкъимыужьыжьын хуэдэу хуэхуекІэж а абазэ гъуаиэм!

- Дыхунэсынщ абыи. Иджыпсту гъуэмылэр зэрыхи, тхьэрыкъуэф Іэнэ къытхуэщІ. Алыхьым къыдита ерыскъыр Мамсырым дэрэ зыдыІудгъэхуэнщ. Ди анэшхуэ Іумахуэм и жьІауэ, зэдээшхэ Іэфщ.

Мырзэбэч хуабжьу нэшхуэгушхуафэ зытригъауэрт. Хамэшым къыззэрыраудыхари и Іьэпхъуамбэшхуэ зэрипкІари зыуи къыщымыхъуа хуэдэу зиІыгьт. Куэд зи нэгу щІэкІа абрэдж хъыжьэм, игъащІэ лъандэрэ и ныбжьэгъужьу къэгъуэгурыкІуа нэхьеи, иджы дэуэршэрырт.

Нэкъар и псэм куэд щІауэ мэгъу исти, Мырзэбэч щІэрыщІэпсу хьэгъэщагъэ зэрызэхищэр гущІэ псантхуэкІэ къипхуатэрт. Жаней абрэджыр пэплъэрт Мырзэбэч пихыну зыхуэйр хэІущІыІу къыщыхъунум. Кърымым и хьэІухубжэхуэщІым адэкІэ къызыкъуихынур езы Нэкъари фІэгъэщІэгъэнт. Іэта-Ильяс къэлъатмакъ уэдыр игъэджэгурэ макъ псыгъуэ тхьэмыщкІафэ зищІри:

- Ди гъуэмылалъэр нэщІщ. Дэнэ сэ ерыскъы къыфхуэдизсхынур?

ЩІакІуэ убгъуам тІэтІэжу зытезыгъэззгъа Мырзэбэч зегъэкъри, нэгъуейм нэмыплъ ирит щыкІэу:

- ЛІо, Мамсырым зыкъедгъэгъэхьэщІэну бжесІа сэ? Жьы пщІэту мафІэ зэщІэгъэзэти, псыр къэгъавэ. Лыгъур хьэжьыгъэр хьэзырыркъэщ.

- Ар... Ар ди дэдзыхыгъэщ. ДемыІусэну жьІатэкъэ? - Іэта-Ильяс тхьэусыхэм, шхыдэурэ гъэсын чыхэх кІуащ.

МафІэ хьэрыщэр гурыгужу мэс. Гъэзуанэ тет лІищым пхъэсыгъуафІэр къатІысыхьауэ, уэсэпсым дэщІыта гуэнщэрыкъ цІанЛъэхэр ягъэгъущыну йолІанІэ. ПыІэ хъурыфэхэр Іэгукіэ зэпалъащІэ, фэилъхьэгъуэ щІыІутелъхэр ягъэкъабзэурэ яутхыпщІ.

МафІэм зрагъэури заукъуэдиижауэ иджы щыІъщ зи лъагъуи зи гъуази зэтемыхуэ лІитІыр. Иджыпсту я нпІэхэр умэзэхауэ жей нэпцІщ тІури. Жейркъым. ЛІитІым зыдащІэж зэуэзэпсу е Іэпщэкіэ, е псалъэкіэ зызэрызэпэщІасэнур. Щымщ тІури. Гъэгуанэ хьэлъэ къапэщымыльъ нэхьеи, мамырщ тІури.

Пэгъунжьейм ит псыр къикъуэлъыкІыурэ къыщхьэщихурт. Іэта-Ильяс а псывэм удз гуэрхэр хипхъуэр:

- Мо Іуащхьэм адэжкІэ къыщыльщ Бэлэтокъуэпщым и жьылэр.

Мырзэбэч зэуэ зыкърет Іэри, нэгъуейм хуэдэзэлашхэу:

- Дапщэрэ зэрыбжесІар а цІэр сэ сыщыісу умыгъэІуну?!

Іэта-Ильяс ипэщІыкІэ къоуІэбжь, итІанэ зэгъоп... «А жьлэм теухуауэ зэи хьисэп гуэрхэр ямыІа хуэдэ? А хьисэпхэм ехьэлІауэ зэмыхьуцэца хуэдэ? Сыт-тІэ иджы зы псалъэ къызжьэдэхуамэ... Къэхъунур сыт? Жаней щум ахэр фІэІуэхуххэкъым. Пщэдей ежьэжмэ, щыгъупщэжынущ. Я щыІэ зэхуэгъэзауэ зэрыщылъым ещхьыкъабзэу, я Іуэхуи зэхэмылъу зэбгъэдэкІыжынухэщ...» Мырзэбэч дыджу зыкъызэрыхуищІам нэгъуейр ирибэмпІати, езыми зегъэделэри, игу тІысу мэпІаскІуэ:

- ЖьІпІат... Ауэ, абы кІищынэмыщІауэ жьІпІатэкъэ уи къуэм уи нэ къызэрыхуикІыр?

Мырзэбэч иджы Іэл фІыцІэу къызэкІуэкІат. «Мы нэгъуей фызыпхъэм и бзэр зэрыхуэмыубыдым и щІыІужу, Мамсырым зэхригъэхащ езым ибзыщІыну зэпІалІэ мурадыр. Нэкъари гуфІэжу ипхъэтэн хьэзырщ ар. Кърымым и ІуэхутхьэбзащІэхэр мы щІыпІэм щІыщІэзэкІэуэм щІымыпущІа пэтми, фІы дыдэу къыгуроІуэ зыгуэркъэ зэрабзыщІыр. Нэкъар хуэдэхэр тхьэкІумэ даээкІэ мэпамэ, пащхьи лыщІкІэ мэдаІуэ. Зы мэскьал Іуры-гъэцырхэ къудей! Итіани... Мамсырым нэхъ кІэщІущ дунейм темытауэ щытми, абы зэи къыхущІэІуэкІынкъым ди мурад нэхъыщхьэр!» Мырзэбэч и гур игъэдэІужурэ къотэджри, мафІэм зригъэу хуэдэурэ щхьэхынафэу:

- Зэхэпхагъэнщ, Нэкъар, къалмыкъхэм, нэгъабэ мыхъу абы и щІопэгъэ, си щІалэр зэрадыгъуар. Къэбэрдейхэм, загъэлІыфІу, щІалэр Къалмыкъым кърашьжри, нэхъ иужьыІуэкІэ Бэлэтокъуэхэ ялхъу жьэхъум хуаІэжат.

Нэкъар иджыпсту къызэщІууэ къэуШьжам ещхьу и Іэпкъынэ-лъэпкъынэр Іэфіу еукъуэдий, зеішэщІри, зэуэ къыізэфІотІысхьэ:

- Апхуэдэ хъыбархэр жьжьэ мэІу, Мырзэбэч. Сэ къызолъытэ Быж ЛІыгъур а Іуэхумкіэ адыгагъэ екІу зэрихьауэ.

- Ар здэнут, сэ нэмыплъ къызиту, Быжыр зблэмыІэбыкІатэмэ.

Іэта-Ильяс дэп ужьыхьжэр башкІэ зэхуитхъусри:

- Анэр дапщэщи анэщ, Мырзэбэч.

Мырзэбэч и нэхэм лъы къытрихауауэ къолъ:

- Уэ къоупщІар хэт? Уи фызІуэху иужь ити нэхъыфІщ.

Нэгъуейр и дзэ шыжарэ щІэшынысыхьжарэ мыбелджылыуэ, пхэщІыщхьэкІэ ещэтэхри:

- Иджыпсту... Зыри жысІакъым - зыри зэхэфхакъым. Иджыпсту хьэзырынущ Іэнэр.

Мамсырыр мызэ-мытІэу ярихьэлІат мы кърым щууитІым. Щэч къызытримыхьэжрати, зэгурыІуэ яку ильтэкъым мыбыхэм. Зэм зызэпэщІасэрт, зэми - зэпэнсэлъэжхэу зэхуэдэзэлашхэрт. НетІэ Іэта-Ильяс Мырзэбэч жриІаХэри зыхуэгъэзар, дауи, Мырзэбэчтэкъым, атІэ езырт; езы Нэкъар и тхьэкІумэхэрт. Сытым ар къыхэмыкІами, зы гужьгъэжь гуэр иІэт нэгъуейми, иджы илъ ищІэж пэлъытэу, Мырзэбэч ибзыщІыр Нэкъар кърИуэкІауэ арт. Псалъэри бзукъым, ильэтамэ упыкІащ! КъызэрыщІэкІымкІэ, Мырзэбэч адыгэ щІынальэр шылъэкІэ щІиубэр и къуэм пыщІа хьэгъэщагъэ гуэрщ...

Абрэдж Мырзэбэч нэІуасэу зымыщІыхухэм ар лІы быдэу, лІы жьэнахуэу къалъытэрт. И хьэл-щэныр Іуэнтіами, ар Алыхьым къритати, хуагъэгъурт е хуагъэгъуртэкъым. Мамсырым хуэзмыгъэзахуэр Іэта-Ильяс и лъэужьыр щыІаи щымыІаи! Езы Мырзэбэчращэ? Пэжщ, Тырку сулътІаным хуэдэу хэмылэтыкІами, унафэшхуэ Іэщ1эльщ кърым хъаным. Къаплъэн-Джэрий хуиІэжь зауэ Іуэхутхьэбзэхэм щхьэкІэ хъаным кІулыкъу пажэ къыхуигъэльэгъуэну Мырзэбэч мэгугъэ. Абрэдж Мырзэбэч хуэдэхэм зауэм зыдаІэт е... замыІэтыжьыфын хуэдизу я лъэ хущІауд. Мырзэбэч къулыкъушхуэ хузехьэн: мо нэгъуей фызыпхъэм фІэкІа шэрей зимыІэм пщІэ зыхуригъэщІыфыркъым.

... ЛыгъУр хьэжьыгъэм и мащІэри къэуатщ. Адыгэ шэрджэсхэр Іуэгуанэ щытехьэкІэ, лыгъур хьэжьыгъэр здрахьэжьэу хабзэт. Езыр зехьэгъуафІэщ, зэкІуэкІыгъуейщ. Иджыпсту лІищыр лыгъурым хэІэбэу здэщысым, Мырзэбэч нэгъуейм епльри, гушыІэ хуэдэу:

- Сакъ, насыпыншэ, зэрымыщІэкІэ си хьэзырыр ебгъэлъэтэхьынущ! ЗыщІыпІи уахуркъым, дыгъэр иджыри етІысэжакъым.

Адыгэхэр ерыскъы Іэнэ пэрытІысхьамэ, гъаблэгуфэ къатемыуэн хуэдэу, мыпІащІэу хоІэбэ.

Ныбаблэр адыгэм дапщэщи и жагъуэщ, езыри мащІэрышхэщ. Хабзэщ ар. Нэгъуейхэми яІэжщ я адэжьхуэхэм, тедзэщ-тедзэщу псэуахэм я хабзэхэр. Ахэр зэресар псынщІэу я мэжалІэ ирахрэ, гъэзуанэ техьэжущ. Іэта-Ильяс къызэхІам ещхьыжу машхэ: пІащІэу, куэду. Лэгъунжьейм ильри ях-ьэзырым къинари нэгъуейм уэру зэрыкІуэщІыкІуадэм кІэлъоплъри, Мырзэбэч шхэныи хуеижкъым.

Нэгъуейми, а кърадза хъуэрыбзэр къызыфимыгъэІуэхуу, и шу гъусэм нэфІэгуфІэу погушІэж:

- Сыт? Уи хьэзырыр фо хьэкІуэ хъуа уи гугъэжу ара? Ар фо хьэкІуэу щытатэмэ, шэч къытумыхьэт нэдаэзкІэ узэрытезмыгъэплъэжынум.

Нэгъуейр зэрыхуэмыгъэукІытэнур Мырзэбэч къыгурыІуати, кхъуфлыфым Іумыплъэн папщІэ, Іэмал хьилэ хуокІуэ:

- Сыт щыгъуи хуэдэу узахуэщ, си ныбжьэгъужь. Пхузогъэгъу. Мыдэ, Аспарух[1] и цІэр зи бзэгупэ темыкІ Жэфарра дэрэ къщъыжьи Іэшынщ. Мамсырым зэрыщІэкІ.

(ЖьыкІэльыкІуэнущ).

[1]**Аспарух** - *Котляровхэ Мариерэ Викторрэ къыдагъэкІа «Загадочная Кабардино-Балкария» тхьылым къитхыжащ:*

Кубрат хьаныр дунейм ехьыжа нэужь (665 гъэм пэгъунэгъуу) абы ихуа къэралыгъэр лІъэльэт, нэхъ тэмэмУ жыпІэмэ, хьаныи и къуэхэм зэхуагъэшыжат. Болгарие Иныр БІэтабгаен лъысат, ауэ и къуэшхэр зэрыфІэкІуэду хъэзэрхэм трахащ. Къайрат езым и лІакъуэр щыгъужу Индыл Іэхэльахэм итІысхьэри Индыл (Волжская) Болгарие ихуат. Аспарух къыльыса лІакъуэр щыгъужу Кавказымкіэ игъэзат. Болгархэм къащІэна жьлакІэм теухуа гупсысэхэм ящрохьэлІэ Нэгумэ Шорэ и «Адыгэ лъэлъкъым и тхьідэм».

Налшык къэлэ и Іуэгъуэблагъэм щыІэ мэзыльэ щІыпІэм итщ шэнтиуэ абрагъуэм ещхь мывэджей. Къущхьэ-тэтэрхэм я щІэблэу иджыпсту Къэбэрдейм исхэм а мывэджейр «Аспарух и тахьтэу» къалъытэ. Апхуэдэу къэзылъытэхэм я нэхъыжьыуэхэр а мывэм «тхьэрыуапІэкІэ» йодж. КъызэрыщІэкІымкІэ, «Аспарух и цІэ» жызыІам и псалъэр шэчи шубыхьэи хэмылъыжу пэжщ.

Ростов щІыналъэ, Вёшенскэ станицэ. Мы щІыпІэм деж ялэу щызэІущІащ «Тихий Дон» романым и лІыхъужьхэр - Аксиньерэ Мелехов Григорийрэ.

Мыбдеж дыдэм щызэрихьэлІащ урысей тхакІуэ гуп, Мэшбащ1э Исхьэкъэ яхэту, Шолохов Михаил къыщалъхуа махуэр ягъэлъэпІэн папщІэ.

1995 гъэ, накъыгъэм и 23

Мэшбащ1э Исхьэкъ и усэхэр

ХЬЭГЪЭУДЖ МЫХЬЭМЭТ

ЩаІуэтэжкІэ тхыдэм и хъыбар,
СыщедаІуэкІэ бзум и уэрэд,
Къыщешхкіэ гъатхэ уэшх дызыпэплъар,
Си гум укъокІыр, Мыхьэмэт.

Щхъуэкіэплъыкіэу зэщІигъаблэу щІыгур,
Пшынэ Іэпэу джэгумэ дыгъэ бзийр,
Гуфіэу зыізэІуихмэ пщащэ нэгум,
Мыхьэмэт, уэ укъокІыжыр си гум.

Іупщ1у хызолъагъуэр уи пшыналъэм
Си илъэс блэкІахэм я сурэт,
Сабиигъуэм и макъ зэрыпльэлъыр,
Къурш щхьэ хужьхэр. Уэри - Мыхьэмэт.

Еуэ пшынэм, еуэ тегушхуауэ,
Щ1алэ хъужа гур ирихужьАуэ,
Уи макъ лъэщкІэ къыщІэбдзэм уэрэд,
СедэІуэнт семышу, Мыхьэмэт!

Шыщхьэмыгъазэу уанэшыр зэщІэплъэу,
Хэльэдауэ Шыхулъагъуэм, ирижэу уафэгум,
Вагъуэхэр хъуаскІэу и лъэгу къыщІэлъэлъу,
Мыхьэмэт, къыщІегъэхьэр си нэгу уи пшыналъэм!

Щыблэр губжьауэ зэрыщыуэм щыгум,
ТекІуэныгъэ гугъум къикІуа гъэзугум
Я гугъу къыісхуэщІ, уафэхъуэпскІыу си лъым,
Мыхьэмэт, къыхэгъэхьэ уи пшыналъэр!

Уэзрихьэлу, къэгъэушыж адыгэр,
Къыззригъэушым ещхьу щІылъэр дыгъэм.
Лъагъуныгъэ макъамэу, зэман къакІуэм и джакІуэу,
Мыхьэмэт, уи уэрэдыр къысхуокІуэ!

Джэгум и лъэгум щремыщІэ еш,
Пшынэм зэи гъьбзэ хремыш.
Уи ужь къихъуэ ныбжьыщІэхэм уэрэд
Пхуаусынущ уэ, Мыхьэмэт!

РИДАДЭ

Ди унэишэщ нобэ - хьэгъуэлІыгъуэщ,
Лыдыжу уафэм щызэщІонэ вагъуэр,
Уэрэдыр мэІур жьжьэ дыдэ,
Уэредэ-ридадэ!

Гур кІэлъопхъэрыр а уэрэдым,
ЛІэщІыгъуэ куэдкІэ йокІуэтыжри,
Зэманыр къыщохутэжыр и пасэрей унэм.
Щ1ыхьыумыхт а унэм - «уэридадэ»,
Іурт уэрэд папщІэу «Ридадэ, о Ридадэ»...

Ридадэ, Ридадэ, ди шынэхъыжь,
КъуэкІыпІэ пшэплъым кІуэцІрокІыр
лъы лъэужь,
Уи дзэр зауэм кІыкІыжащ хэщІыныгъэ,
Уи дзэр зауэм кІыкІыжащ уэрыншэу, Ридадэ!
О Ридадэ, Ридадэ...

ЛІыхъужь хабзэу утеуэвэу щІакІуэ кІапэм,
Ущызауэм уемыпщІыжу напэм,
ЩІакІуэ кІапэм теджэла уи хьэдэр
Пэплъэхакъым напэншагъэ дыдэ.

Иджы уэ зэи вагъэбдзумэр
Щумыхьыжьыну гъатхэ губгъуэм,
Техьэлъэу гуауэр я унагъуэм,
Адыгэр лъахэм щыпхэущыгъуэрт...

Пасэрей адыгэ лІыхъужь щыльху,
КІэсэгъу лъэпкъ щхьэхуитым и къуэ пажэ,
Фыплъэт: жьыми щыгъуэрэ зеущэу,
ЗауэлІ нэсыр хьдэду къытхуашэжьыр.

О Ридадэ, Ридадэ, ди шынэхъыжь,
Пщэдджыжьхь пшэкІэплъым пхокІыр лъы лъэужь.
Уи дзэр зауэм кІыкІыжащ хэщІыныгъэ,
Уи дзэр зауэм кІыкІыжащ уэрыншэу, Ридадэ!
О Ридадэ, Ридадэ...

ЩІэплъыпІэм адэкІэ Іуащхьэжьым зы Іуащхьэжьыр
Къыпоувэж, сатыру зэдекІуэкІыу.
Илъэсхэр блокІ, зэманыр ирагъкІрэ
Тщагъэгъупщэжу гъэпщІагъэм и гужьгъэжьыр.

ЛІэщІыгъуэ дапщэ блэкІа, махуэ дапщэ!
Уэрэдыжьым ноби и щІалэгъуэщ,
Гуфіэгъуэкіэ зэхишэу дауэдапщэр,
Уэридадэр щоІу ди хьэгъуэлІыгъуэм!

УБЫХХЭР

Адыгэ лъапсэжьым и жыг къудамэбэм,
И къудамэ быдэу псэугъащ убыхыр.

Пхуэхъумакъым, си лІэщІыгъуэ, убыхыбзэр,
Иригушхуэу лъэпкъым хэлъа хабзэр.

Хы ФІыцІэ Іуфэм зэдекІуэкІ къыр блынхэм
Щхьэ щымыпсэужьрэ убых бынхэр?

ЛІэщІыгъуэ блэкІа, жэуапептыфыну:
КъэкІуэну лІэщІыгъуэу къыіппэувынум,

Дыгъэ уахътыншэм, дызытет щІыгум,
Мо пшэ Іэрамэу пхысыкІым уафэгум?

Уахътыншэм хухихыркъым зэи пІалъэ,
Абрэмывэм нэхъ нэхъ быдэщ псалъэр.

Псэуахэщ убыххэр, згъэутыжжкъым
лъэпкъыжьыр,
Хэкіуэдэжащ зэман бааджэм лъэужьыр.

Бгыщхьэхэм, тафэхэм фІащауэ иреджэу
Къигъэнащ убыхым псалъэ Іэджэ:

Псалъи, пшыналъи, лІэщІыгъуэм и гъьбзи
Хэкіуэдэжащ зэман хъыжьэ, гуузым и гъуэзым.

Топышэ фиям игъэІуа макъэжь быджым,
Бгыхэм иджыри къыщеджэдыхьыр.

Къуршыжь зи щхьэ тхъуахэм я макъ
щхьэукъуэжьыр,
Джэрпэджэжьым къегъэушыжьыр.

Бзэ тІэщІахари щыхэтыр дэнэ?
Къигъуэтыжьынущ ари зэманым.

Хутыкъуэу зэгуэрым джэла тхыдэр
Къэувыжьынущ иджыри лъэ быдэу.

АДЫГЭХЭР

Адыгэ щІыналъэм адыгэр щопсэу,
Шэрджэскіэ къеджэу мы дуней псор,
ЩыгуфІыкІыу дыгъэм, уэшхым пэплъэу гъатхэм,
Щопсэу адыгэр я адыгэ лъахэм.

Сыт уэ хэпщІыкІыр абыхэм я гъащІэм,
Я уэрэдым, пшыналъэм, я гъьбзэу
КъиІукІым гу лъащІэм?
Сабий щІыкІу къыдалъхуамэ, хьэблэм,
Жыг хухасэу, мэгуфІэ зэрыжьылэу.

Фочауэ макъкІэ щагъэІур дунейм -
Ди хэкум нобэ къыщалъхуащ сабий.
Адыгэ щІыналъэщ адыгэр щопсэур,
Шэрджэскіэ къеджэу мы дуней псор.

ЦІыхугъэм и хьэтыркІэ худачых залымым,
Пагагъэр хэту я лъым, къэрабгъэр я Іумпэму,
Гум и Іущыгъэр, псалъэм и быдагъэр
Мы дунеишхуэм къабгъэдилъха тыгъэщ.

Уэзгъэлъэгъуарэт ахэм я къэфэкІэр,
УэзгъэдэІуарэт я уэрэд жьІэкІэм.
ХьэгъуэлІыгъуэм щызэхаша джэгум
Адыгэшыр зэрыщагъэджэгур!

Зэманыжь бааджэ блэкІам и щхэхэр
Ноби зыхъумэ къамэ Іэпщэхуэхэм,
Топауэ макъым щІыр игъэзджызджу,
Зэрыщытар къатощыжыр гъуджэу.

Куэд щІауэ гынымэм и гъуэзыр
Къыщхьэщхьэжьжьым щауэм,
Щыфижжкъым топышэр губгъуэм,
Къашэм нысащІэ, хъыбарегъащІэу
Фочхэр щагъауэр я хьэгъуэлІыгъуэрщ.

Адыгэ щІыналъэм адыгэр щопсэу,
Шэрджэскіэ къеджэу мы дуней псор,
ЩыгуфІыкІыу дыгъэм, уэшх Іумахуэм,
ЩІэблэр яплІыр, трашэ гъуэгу махуэ!

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион»
ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынатъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 2.110
Заказ №1024